

## ASPEK PUNGILIAR TELIS ING BASA JAWA

Iva Nurkhasanah

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[ivanurkhasanah@mhs.unesa.ac.id](mailto:ivanurkhasanah@mhs.unesa.ac.id)

Dr. Surana, S.S., M.Hum.

Dhosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

### ABSTRAK

Aspek pungtiliar telis ing basa Jawa kalebu sawijine aspek pungtiliar ing semantik gramatikal. Saperangan ukara ing basa Jawa pancen ngandhut aspek pungtiliar telis, nanging mung ukara kang mawa titikan tartamtu. Salah sijine titikan kasebut, yaiku anane aspek kang matesi tembung kriyane. Adhedhasar andharan ing kasebut, panliten iki nduweni underan, yaiku apa wae jinise aspek pungtiliar telis adhedhasar dhiatesis tanduk kanthi landhesan triaspek sintaksis, apa wae jinise aspek pungtiliar telis adhedhasar dhiatesis tanggap kanthi landhesan triaspek sintaksis, apa wae jinise aspek pungtiliar telis adhedhasar dhiatesis baliangga kanthi landhesan triaspek sintaksis, lan apa wae jinise aspek pungtiliar telis adhedhasar dhiatesis tanggap-tarung kanthi landhesan triaspek sintaksis. Adhedhasar undere panliten, ancane panliten iki ngandharake lan njlentrehake jinise aspek pungtiliar telis.

Panliten iki kalebu panliten sinkronis. Teori kang digunakake, yaiku teori transformasi generatif Chomsky. Dhata kang digunakake, yaiku dhata tulis arupa ukara kang ngandhut aspek pungtiliar telis saka kalawarti Panjekar Semangat taun 2016. Carane nggumpukake dhata nggunakake metodhe semak kanthi teknik cathet. Carane njlentrehake dhata nggunakake metodhe agih kanthi teknik ngambakake, teknik nyingidake, lan teknik owah wujud. Dene carane nyuguhake asil panjlentrehake dhata kanthi formal lan informal.

Panliten iki ngasilake dudutan yen aspek pungtiliar telis adhedhasar valensi-sintaksise bisa diperang dadi 13. Dhiatesis tanduk bisa diperang dadi 4, ekatransitif, dwitransitif, semitransitif, lan taktransitif. Dhiatesis tanggap diperang dadi 4, ekatransitif, dwitransitif, semitransitif, lan taktransitif. Dhiatesis baliangga diperang dadi 3, ekatransitif, semitransitif, lan taktransitif. Dhiatesis tanggap-tarung diperang dadi 2, semitransitif, lan taktransitif. Tengere aspek pungtiliar telis yaiku nduweni titik terminal potensial, titik terminal aktual, lan ana aspek *wis* kang matesi tembung kriya.

**Tembung wigati:** aspek pungtiliar telis, dhiatesis tanduk, dhiatesis tanggap, dhiatesis baliangga, dhiatesis tanggap-tarung, triaspek sintaksis.

### PURWAKA

#### Landhesan Panliten

Aspek pungtiliar telis ing basa Jawa kalebu salah sijine aspek pungtiliar ing semantik gramatikal. Saperangan ukara ing basa Jawa pancen ngandhut aspek pungtiliar telis, nanging mung ukara kang mawa titikan tartamtu. Salah sijine titikan kasebut yaiku anane aspek kang matesi tembung kriyane wae. Aspek kang matesi tembung kriya iku ana akeh yaiku tembung *wis*, lagi, wiwit, lan sapiturute. Aspek iku perangan kang wigati kanggo nyusun makna kang utuh sajrone ukara amarga nuduhake wektu karampungan sawijine pakaryan. Panliten ngenani aspek pungtiliar telis iki narik kawigaten kanggo diteliti, amarga sasuwene iki panliten kasebut isih durung ana kang niliti. Akeh-akehe pamarсуди basa ngandharake ngenani aspektualitas umume. Ana telung buku kang ngrembug bab aspektualitas. Isine buku-buku kasebut uga mung nyinggung sithik-sithik ngenani aspek pungtiliar telis ing tataran frasa. Buku kasebut kayata bukune Comrie (2001), Sumarlam (2004), lan Tadjuddin (2005).

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa diweruhi yen panliten sadurunge akeh-akeh mung ngandharake aspek ing tataran frasa. Mula saka iku, sajrone panliten iki diandharake lan dijlentrehake ngenani aspek pungtiliar telis adhedhasar dhiatesis kanthi landhesan triaspek sintaksis ing tataran ukara. Tuladhane ukara kang ngandhut aspek pungtiliar telis yaiku “Marni wis nuku kembangan Budi”. Ukara kasebut ngandhut aspek pungtiliar telis, jalaran ana tembung “*wis*” kang matesi tembung kriya “nuku”. Tembung “*wis*” nuduhake yen

pakaryan kasebut *wis* rampung dilakoni. Tembung “kembangan Budi” kasebut nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir/anane titik terminal aktual (*actual terminal points*), amarga tembung kriya “nuku” didhampingi karo frasa “kembangan Budi”. *Ketrakrifan* utawa mligine argumen-argumen kasebut diandharake lumantar frasa “kembangan Budi”, yaiku kembangan duweke Budi, dudu duwekmu utawa duweke. Dene tembung “nuku” nuduhake anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potencial terminal points*).

Kanggo nuduhake bab kang beda, mula panliten ngenani aspek pungtiliar telis ing basa Jawa kang arep ditindakake bakal nitingi jinise aspek pungtiliar telis adhedhasar dhiatesis tanduk, dhiatesis tanggap, dhiatesis baliangga, lan dhiatesis tanggap-tarung kanthi nggunakake analisis sintaksis-semantis. Sumber dhata sajrone panliten iki awujud dhata dhasar kang arupa dhata tulis, amarga dhata tulis luwih dipercaya tinimbang dhata lisan. Dhataane dijupuk saka kalawarti Panjekar Semangat, amarga ukara-ukara kang digunakake kasebut kalebu ukara salumrahe lan gampang dingerteni wong liya. Ukara-ukara kang bisa didadekake dhata yaiku ukara kang ana tembung kang matesi tembung kriya, anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potencial terminal points*), lan nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*).

Cara njlentrehake dhata yaiku kanthi njlentrehake triaspek sintaksis, mula saka iku dhata ing panliten iki siji mbaka siji bakal dijlentrehake ngenani wujud, guna, lan

kalungguhane. Saka andharan kasebut bisa weruhi yen teori kang cocog kanggo nintingi panliten kanthi irah-irahan *Aspek Pungtiliar Telis ing Basa Jawa*, yaiku teori transformasi generatif kang nduweni paradhigma sintaksis kang dihasari sesambungan semantik lan sesambungan sistemik.

### Punjer lan Undere Panliten

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, kang dadi punjere panliten, yaiku aspek pungtiliar telis ing basa Jawa adhedhasar dhiatesis kanthi landhesan triaspek sintaksis. Saka punjer kasebut, mula undere panliten diperang dadi papat, yaiku:

- (1) Apa wae jinise aspek pungtiliar telis ing basa Jawa adhedhasar dhiatesis tanduk kanthi landhesan triaspek sintaksis?
- (2) Apa wae jinise aspek pungtiliar telis ing basa Jawa adhedhasar dhiatesis tanggap kanthi landhesan triaspek sintaksis?
- (3) Apa wae jinise aspek pungtiliar telis ing basa Jawa adhedhasar dhiatesis baliangga kanthi landhesan triaspek sintaksis?
- (4) Apa wae jinise aspek pungtiliar telis ing basa Jawa adhedhasar dhiatesis tanggap-tarung kanthi landhesan triaspek sintaksis?

### Ancase Panliten

Adhedhasar punjere lan undere panliten, ancase panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake:

- (1) Jinise aspek pungtiliar telis ing basa Jawa adhedhasar dhiatesis tanduk kanthi landhesan triaspek sintaksis,
- (2) Jinise aspek pungtiliar telis ing basa Jawa adhedhasar dhiatesis tanggap kanthi landhesan triaspek sintaksis,
- (3) Jinise aspek pungtiliar telis ing basa Jawa adhedhasar dhiatesis baliangga kanthi landhesan triaspek sintaksis, lan
- (4) Jinise aspek pungtiliar telis ing basa Jawa adhedhasar dhiatesis tanggap-tarung kanthi landhesan triaspek sintaksis.

### Paedahe Panliten

Paedahe panliten bisa diperang dadi loro, yaiku

- (1) Paedah kang asipat teoretis

Asil panliten iki bisa ngrembakake ilmu basa Jawa, ing sistem semantik Jawa, ing subsistem semantik gramatikal, mligine bab aspek pungtiliar telis ing basa Jawa.

- (2) Paedah kang asipat praktis

Asil panliten iki diajab bisa kanggo *alternasi* materi ajar ngenani aspek pungtiliar telis ing pawiyatan luhur. Bisa dadi sumber pasinaon ngenani ilmu sintaksis lan semantik Jawa. Kejaba iku, panliten iki bisa kanggo *inventarisasi* basa Jawa.

### TINTINGAN KAPUSTAKAN

#### Panliten kang Saemper lan Aspek Pungtiliar Telis ing Basa Jawa

Panliten ngenani aspekualitas wis tau ditindakake, ing antarane yaiku panlitene Comrie (2001) kanthi irah-irahan *Aspect*. Buku kasebut ngrembug pasinaon ngenani linguistik umum bab aspek. Topik kang diandharake yaiku sesambungan ngenani kala lan aspek, morfologi lan aspek semantik, sarta teori strukturalis lan teori filosofis.

Tuladhane dijupuk saka basa Inggris, Slavia, Roman, Arab, Cina, Welsh, Yunani, lan basa liyane. Dene Sumarlam (2004) uga tau nlti bab aspekualitas. Panliten kasebut diandharake sajrone bukune kanthi irah-irahan *Aspektualitas Bahasa Jawa: Kajian Morfologi dan Sintaksis*. Penliten kasebut, isine ngandharake, njlentrehake, lan ngrumusake cara-cara kanggo medharake makna aspekualitas mligine aspekualitas ing basa Jawa. Tadjuddin (2005) sajrone bukune kanthi irah-irahan *Aspek dalam Kajian Linguistik*. Tadjuddin ngandharake teori-teori dhasar aspekualitas minangka salah sijine subkategori semantik fungsional sarta pangetrapane sajrone basa Indonesia lumantar wujud morfologi lan wujud sintaksis. Alim lan Nurhayati (2008) uga tau nindakake panliten *dosen muda* kanthi irah-irahan *Fungsi Kala (Tense) dalam Novel Bahasa Inggris serta Penerjemahannya ke dalam Bahasa Indonesia*. Panliten kasebut ngandharake anane proses alih basa sajrone konsep *kala* saka basa Inggris menyang basa Indonesia ora mesthi bisa dipadhakake.

Panliten liyane ditindakake dening Astri (2014) kanthi irah-irahan *Aspektualitas dalam Bahasa Jawa ing Desa Bandar Tengah Kecamatan Bandar Khalipah*. Panliten iki njlentrehake ngenani peran sintaksis aspekualitas basa Jawa desa Bandar Tengah kecamatan Bandar Khalipah. Panliten kasebut sajrone nglumpukake dhata nggunakake metodhe semak. Cara njlentrehake dhata nggunakake metodhe agih kanthi teknik owah wujud, teknik walik, lan teknik nambahi. Panliten sabanjure ditindakake dening Arlisa (2015) kanthi irah-irahan *Tenggara Wayah ing Basa Jawa*. Panliten iki ngrembug ngenani jinise perangan leksikal lan gramatikal kang bisa dadi tengara wayah ing basa Jawa. Teori kang digunakake yaiku teori transformasi generatif Chomsky. Dhata kang digunakake dijupuk saka kalawarti Panjebur Semangat kang asipat intuitif. Tatacara nglumpukake dhata kanthi metodhe cathet. Tatacara panjlentrehake dhata kanthi metodhe agih kanthi teknik ngambakake lan teknik nambahi.

Saka panliten-panliten kang wis dianakake sadurunge, bisa diweruhi yen panliten kasebut ngrembug bab aspekualitas kanthi umum. Mula saka iku bakal dileksanakake panliten ngenani aspek pungtiliar telis ing basa Jawa. Panliten ngenani aspek pungtiliar telis ing basa Jawa adhedhasar dhiatesis kanthi lelandhesan triaspek sintaksis durung tau ditliti. Panliten iki bakal dianalisis nggunakake teori transformasi generatif lan dijlentrehake nganggo triaspek sintaksis yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Bab iki nuduhake yen panliten iki cara njlentrehake padha karo panliten sadurunge, nanging sing mbedakake yaiku dhasare merang jinise. Dhasare merang jinise aspek pungtiliar telis iki yaiku adhedhasar dhiatesis. Mula bisa dingerteni yen panliten iki nduweni ancas kanggo njangkepi panliten ngenani aspek kang wis tau ditindakake dening pamarsudi basa liyane kanthi luwih mligi, yaiku ngenani aspek pungtiliar telis ing basa Jawa.

#### Konsep-konsep ing Panliten iki: Tegese Aspek Pungtiliar Telis

Aspek pungtiliar yaiku aspek kang nggambarake pakaryan kang ditindakake lan dideleng minangka satuwan temporal tunggal (ngenani wektu), mula saka iku aspek pungtiliar nduweni sesambungan karo wektu nalika



nindakake pakaryan. Telis yaiku pakaryan kang ditindakake cetha wektu rampunge utawa tuntas (Kridalaksana, 2009:238). Dene miturut Comrie (2001:44), telis yaiku salah sawijine pakaryan kang ana proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potencial terminal points*) lan nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*).

Saka andharan ing ndhuwur kasebut bisa didudut yen tegese aspek pungtiliar telis yaiku aspek kang nggambarake pakaryan kang ditindakake ana proses kanggo nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potencial terminal points*) lan nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir kasebut/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*).

#### **Titikane Aspek Pungtiliar Telis**

Makna aspektualitas ing tataran klausa lan ukara diandharake lumantar interaksi ing antarane wasesa minangka unsur pusat lan argumen minangka unsur pendhamping (Sumarlam, 2004:227). Adhedhasar andharan kasebut aspek pungtiliar telis nduweni titikan tuntas lan rampung, anane argumen takrif, anane verba pungtial (ana proses kanggo nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potencial terminal points*) lan nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir kasebut/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*)), lan anane aspek (ana kategori gramatikal kang matesi tembung kriyane).

#### **Jinise Aspek Pungtiliar Telis:**

##### **Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk**

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane awujud tembung kriya tanduk. Adipitoyo (2013:13) ngandharake yen aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk iku bisa digathukake karo katransitifan adhedhasar valensi sintaksise. Verhaar (2012:215) ngandharake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk kaperang dadi loro (2), yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk kang ngandhut verba transitif lan (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk kang ngandhut verba taktransitif. Miturut Wedhawati dkk (2001:115) lan Sudaryanto (1991:79) adhedhasar valensi sintaksise, aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk bisa diperang dadi papat (4), yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk ekatransitif, (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk dwitransitif, (3) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk semitransitif, lan (4) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk taktransitif.

Adhedhasar proses afiksasine aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk ekatransitif diperang dadi loro, yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk ekatransitif ater-ater {m-} lan (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk ekatransitif wuwuhan {m/-ake}. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk dwitransitif diperang dadi telu, yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk dwitransitif wuwuhan {m/-ake}, (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk dwitransitif wuwuhan {n/-ake}, lan (3) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk dwitransitif wuwuhan {ng/-ake}. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk semitransitif diperang dadi loro, yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk semitransitif ater-ater {n-} lan (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk semitransitif ater-ater {m-}. Dene aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk taktransitif diperang dadi loro, yaiku (1) aspek pungtiliar

telis dhiatesis tanduk taktransitif ater-ater {ny-} lan (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk taktransitif ater-ater {ng-}.

##### **Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap**

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap yaiku aspek pungtiliar telis kang tembung kriyane arupa tembung kriya tanggap. Adipitoyo (2013:13) ngandharake yen aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap iku bisa digathukake karo katransitifan adhedhasar valensi sintaksise. Miturut Wedhawati (2001:115) lan Sudaryanto (1991:79) adhedhasar valensi sintaksise, aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap bisa diperang dadi papat (4), yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap ekatransitif, (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap dwitransitif, (3) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap semitransitif, lan (4) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif.

Adhedhasar proses afiksasine aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap ekatransitif diperang dadi loro, yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap ekatransitif ater-ater {di-} lan (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap ekatransitif wuwuhan {di-/i}. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap dwitransitif diperang dadi loro, yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap dwitransitif ater-ater {di-} lan (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap dwitransitif wuwuhan {di-/i}. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap semitransitif diperang dadi telu, yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap semitransitif ater-ater {di-}, (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap semitransitif wuwuhan {kok-/i}, lan (3) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk semitransitif wuwuhan {di-/i}. Dene aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif diperang dadi telu, yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif wuwuhan {di/-ake}, (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap semitransitif ater-ater {dak-}, lan (3) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif wuwuhan {ke/-an}.

##### **Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Baliannga**

Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga yaiku aspek pungtiliar telis kang tembung kriyane arupa tembung kriya baliangga. Adipitoyo (2013:13) ngandharake yen aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga iku bisa digathukake karo katransitifan adhedhasar valensi sintaksise. Miturut Wedhawati (2001:115) lan Sudaryanto (1991:79) adhedhasar valensi sintaksise, aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga bisa diperang dadi loro (3), yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif, (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga semitransitif, lan (3) aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga taktransitif.

Adhedhasar proses afiksasine aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif diperang dadi telu, yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif ater-ater {ny-}, (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif ater-ater {ng-}, lan (3) aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif wuwuhan {ny-/i}. Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga semitransitif diperang dadi loro, yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga semitransitif panambang {-an} lan (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga semitransitif wuwuhan {ng/-ake}. Dene aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga taktransitif diperang dadi loro, yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga

taktransitif kriya lingga lan (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga taktransitif ater-ater {ng-}.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap-tarung

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung yaiku aspek pungtiliar telis kang tembung kriyane arupa tembung kriya tanggap-tarung. Adipitoyo (2013:13) ngandharake yen aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung iku bisa digathukake karo katransitifan adhedhasar valensi sintaksise. Miturut Wedhawati (2001:115) lan Sudaryanto (1991:79) adhedhasar valensi sintaksise, aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung bisa diperang dadi loro (2), yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung semitransitif, lan (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung taktransitif.

Adhedhasar proses afiksasine aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung semitransitif diperang dadi loro, yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung semitransitif panambang {-an} lan (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung semitransitif dwilingga panambang {-an}. Dene aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung taktransitif diperang dadi loro, yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung taktransitif kriya lingga lan (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung taktransitif dwilingga panambang {-an}.

#### Teori kanggo Panliten iki

Teori transformasi generatif miturut Chomsky sajrone Parera (1991:87) tata basa sajrone transformasi generatif iku metu saka metodhe kerja rasionalis lan nguji hipotesis-hipotesis sajrone empiris basa tartamtu. Teori transformasi generatif nduweni paradigma yaiku (1) sintaksis gandheng karo ukara lan tuturan kang bisa diresepi dening indrane manungsa minangka struktur sanjabane basa (*surface structure*), (2) sajrone struktur batin (*deep structure*) ana sesambungan semantis lan sesambungan sistemik, lan (3) adhedhasar anane struktur batin, banjur struktur batin kasebut diandharake adhedhasar aspek wujud, guna, lan kalungguhane. Katelu aspek kasebut disebut triaspek sintaksis. (Adipitoyo, 2002:4). Adhedhasar andharan kasebut, panliten iki bakal nganalisis aspek pungtiliar telis ing basa Jawa adhedhasar dhiatesise kanthi lelandhesan triaspek sintaksis, mula sajrone panliten iki nggunakake teori transformasi generatif Chomsky.

#### METODHE PANLITEN

##### Jinise Panliten

Panliten iki kalebu panliten linguistik dheskriptif. Titikan saka panliten dheskriptif, yaiku njlentrehake konstituen-konstituen ujaran lan sesambungane ngenani semantik, sintaksis, lan fonologi, lumrahe awujud wujud gramatikal utawa variabel (Kridalaksana, 2009:47). Panliten iki sipate sinkronis, amarga basa sing diteliti ing panliten iki yaiku basa ing wektu saiki (Kridalaksana, 2009:222). Miturut Mahsun (2012:117) panliten sinkronis yaiku panliten basa kanthi nliti fenomena sawijine basa ing wektu tartamtu. Panliten basa kanthi cara sinkronis yaiku panliten sing ditindakake kanthi ndeleng kanyatan sawijining basa ing wektu tartamtu lan nduweni sipat dheskriptif. Basa kang digunakake yaiku basa Jawa ing tulisan sastra. Basa iku nduweni *lapisan bentuk* (wujud) lan *lapisan arti* (teges) (Surana, 2015:22). Adhedhasar *lapisan bentuk* (wujude) bisa dibedakake saka titikan

fonologis, titikan morfologis, lan titikan sintaksis. Dene adhedhasar *lapisan ari* (teges) yaiku nduweni sesambungan semantis karo wujud utawa teges asline, misale: sinonim, homonym, asosiatif, lan sapanunggal.

#### Sumber Dhata Panliten

Sumber dhata yaiku subjek saka ngendi sawijine dhata bisa diolehake sajrone panliten (Arikunto, 2013:172). Dene miturut Sutopo (2006:56-57), sumber dhata yaiku papan kanggo ngolehake dhata kanthi nggunakake metodhe tartamtu kang arupa manungsa, artefak, utawa dhokumen-dhokumen. Sumber dhata panliten iki dijupuk saka kalawarti Panjekar Semangat taun 2016 wiwit edhisi 1 tanggal 2 Januari 2016 nganti edhisi 53 tanggal 31 Desember 2016, amarga dhatane luwih presisi (konstruksi ukarane luwih baku lan bisa dinalar).

#### Dhata Panliten

Dhata sajrone panliten dibedakake dadi rong jinis, yaiku dhata dhasar lan dhata panyengkuyung. Dhata dhasar yaiku dhata kang dijlentrehake. Dhata panyengkuyung iku dudu dhata kang dijlentrehake nanging dhata kang digunakake kanggo nyengkuyung dhata dhasar (Sudaryanto, 2015:44). Dhata kang digunakake ing panliten iki, yaiku dhata dhasar arupa ukara sajrone basa tulis kang ngandhut aspek pungtiliar telis. Sajrone ilmu basa, basa tulis iku luwih nengenake dhapukan tembung kang kalebu wujud, guna, lan kalungguhan. Dhata tulis luwih dipercaya jalaran nduweni struktur kang luwih sampurna. Dhata tulis luwih presisi, struktur basane luwih bener, baku, trep, lan apik tinimbang dhata lisan. Senadyan dhata lisan luwih akurat (akurat). Mula saka iku, dhata ing panliten iki mung nggunakake basa tulis. Ukara-ukara kang bisa didadekake dhata kudu nduweni titikan yaiku ukara-ukarane kudu ana tembung *wis* kang matesi tembung kriyane (ana aspeke), anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potencial terminal points*), lan rampunge proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*).

#### Instrumen Panliten

Instrumen panliten kang digunakake ana loro yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti. Panliti dadi instrumen kang utama amarga panliti kang nggolek dhata, nganalisis dhata, lan nulis panliten iki. Dene instrumen panyengkuyung yaiku awujud piranti kang bisa nyengkuyung anggane panliti nglumpukake dhata. Piranti iku awujud laptop lan alat tulis (arupa pulpen, buku, lan kertas). Dhata kang wis diklumpukake ditulis ing buku, banjur lagi diketik ing laptop. Tulisan dhata ing buku, gunane kanggo nggampangake anggane nglumpukake dhata lan nggolongake dhata.

#### Carane Nglumpukake Dhata

Carane nglumpukake dhata iki yaiku nggunakake metode semak. Kanthi cara maca kalawarti Panjekar Semangat taun 2016, banjur nyathet ukara-ukara kang ngandhut aspek pungtiliar telis. Teknik cathet miturut Mahsun (2005:93) yaiku nyathet dhata-dhata kang wigati. Teknik cathet digunakake minangka wujud tumindak



nyathet dhata kang wis kacawisake lan dibacutake ngandharake dhata kasebut. Tatacarane ngumpulake dhata sajrone panliten iki bakal diandharake ing ngisor iki.

- (1) Ngumpulake lan maca kalawarti Panjekar Semangat taun 2016.
- (2) Dhata kang ngandhut aspek pungtiliar telis sajrone kalawarti Panjekar Semangat dicathet lan dikumpulake.
- (3) Dhata tulis awujud ukara kang ngandhut aspek pungtiliar telis kang wis dicathet mau, banjur diklompokake adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhane.

### Carane Njlentrehake Dhata

Dhata sajrone panliten iki nggunakake metodhe agih (Sudaryanto, 2015:37). Metode agih utawa distribusional yaiku ngolah dhata arupa basa kanthi cara nemtokake perangan-perangane basa kanthi cara nemtokake perangan-perangan basa iku dhewe. Dhata saka panliten iki dikumpulake banjur dianalisis manut triaspek sintaksis, yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Metode agih iki nduweni maneka teknik. Maneka teknik sajrone metodhe agih yaiku teknik nambahi, teknik ngambakake, teknik walik, teknik owah wujud lan teknik balen (Sudaryanto, 2015:42). Metode dhistribusional dinggo kanggo njlentrehake wujud, guna, lan kalungguhan aspek pungtiliar telis ing basa Jawa. Teknik sing digunakake ing panliten yaiku teknik ngambakake (*perluas*), teknik nyingidake (*lesap*), lan teknik owah wujud (*ganti*).

### Carane Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Carane nyuguhake dhata sajrone panliten iki yaiku kanthi formal lan informal (Sudaryanto, 2015:240). Cara nyuguhake dhata formal yaiku nggunakake tandha, angka-angka, lan lambang-lambang. Dene cara nyuguhake dhata informal yaiku kanthi cara nyuguhake asile dhata kang dijlentrehake kanthi cara dheskripsi kang nggunakake tembung-tembung lumrah saengga bisa dingerteni saben wong kang maca asile panliten.

## JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASIL PANLITEN

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis kang tembung kriyane arupa tembung kriya tanduk. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk adhedhasar valensine diperang dadi papat. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk Ekatransitif

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk ekatransitif mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis lan wasesane arupa tembung kriya tanduk. Fungsi gramatikale ana telu, arupa jejer, wasesa, lan lesan. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk ekatransitif iki diperang maneh dadi loro. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk Ekatransitif Ater-Ater {m-}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk ekatransitif ater-ater {m-} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanduk karaketan ater-ater {m-} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-L. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

- (1) Para murid wis maca bukune Suparta Brata. (PS17:CC21:23 April 2016)

'Para murid sudah membaca bukunya Suparta Brata.'

	<u>Para murid</u>	<u>wis maca</u>	<u>bukune Suparta Brata</u>
Wu	FAr	FKr	FAr
G	J	W	L
K	Par	KrTndEtr	Pnd

Dhata (1) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk ekatransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W-L. Guna J dituduhake lumantar konstituen *para murid*. Konstituen *para murid* kasebut nduweni wujud FAr, amarga dumadi saka tembung *para* lan tembung *murid*. Dene kalungguhane minangka Par, amarga jejer *para murid* nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis maca*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *maca* kang nuduhake tembung kriya tanduk. Konstituen *wis maca* kasebut nduweni kalungguhan KrTndEtr. Diarani tembung kriya tanduk ekatransitif amarga tembung kriyane arupa tembung tanduk lan ukarane kasusun saka telung konstituen inti yaiku J-W-L. Guna L kaisi dening konstituen *bukune Suparta Brata*. Konstituen *bukune Suparta Brata* kasebut nduweni wujud FAr kanthi kalungguhan minangka Pnd.

Tembung kriya ing dhata (1) kagandhengan argumen takrif/kusus kang didhukung satuwan lingual *-ne* kang mratelakake ndarbeni. Argumen *bukune Suparta Brata* sipate luwih kusus/spesifik tinimbang argumen *buku* tanpa ana satuwan lingual kang mratelakake ndarbeni kasebut. Kususe argumen kasebut, dinyatakan dening *bukune Suparta Brata*, yaiku buku duweke Suparta Brata dudu buku duwekku utawa duwekmu. Argumen kang kusus kasebut nuduhake yen proses nuju sasaran akhir kasebut wis rampung/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir/titik terminal potensial (*potential terminal points*) dituduhane dening tembung kriya *maca*.

Dhata (1) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk ekatransitif ater-ater {m-}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan ater-ater {m-}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

- (1) Wis maca → wis + maca  
APT + TKrTnd  
( {An-} + TLi )  
( {m-} + waca ) = maca

Konstituen *wis maca* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *maca* kang arupa TKrTnd. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *maca* yaiku saka tembung lingga *waca* kang karaketan ater-ater anuswara {m-}, mula bisa dadi tembung *maca*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk Ekatransitif Wuwuhan {m-/ake}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk ekatransitif wuwuhan {m-/ake} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanduk karaketan wuwuhan {m-/ake} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-L. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

- (2) Siti wis mecahake gelas. (PS1:CC21:2 Januari 2016)

'Siti sudah memecahkan gelas.'

	<u>Siti</u>	<u>wis mecahake</u>	<u>Gelas</u>
Wu	TAr	FKr	TAr

G J W L  
K Par KrTndEtr Pnd

Dhata (2) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk ekatransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W-L. Guna J dituduhake lumantar konstituen *Siti*. Konstituen *Siti* kasebut nduweni wujud TAr. Dene kalungguhane minangka Par, amarga jejer *Siti* nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis mecahake*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *mecahake* kang nuduhake tembung kriya ekatransitif. Konstituen *wis mecahake* kasebut nduweni kalungguhan KrTndEtr. Diarani tembung kriya tanduk ekatransitif amarga tembung kriyane arupa tembung tanduk lan ukarane kasusun saka telung konstituen inti yaiku J-W-L. Guna L kaisi dening konstituen *gelas*. Konstituen *gelas* kasebut nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan minangka Pnd.

Tembung kriya ing dhata (2) kalebu subkelas verba pungtual kang nyatakake kedadeyan kang wektu dumadine mung sawektu iku/nggambarake owahe kahanan. Prastawa pungtual ngandhut wates internal lan nyatakake kahanan telis. Verba pungtual *mecahake* nggambarake owahe sawijine gelas saka kahanan sing isih utuh menyang kahanan kang wis pecah. Andharan kasebut nuduhake yen verba pungtual iku nuduhake anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*) lan nuduhake yen proses nuju sasaran akhir kasebut wis rampung/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*).

Kanggo ngerteni yen ukara ing dhata (2) kasebut nuduhake peranan aspek pungtiliar telis, mula kudu diowahi luwih dhisik dhapur sintaksise ukara kasebut kaya dhata (2a) ing ngisor iki.

(2a) Siti Ø mecahake gelas.

‘Siti memecahkan gelas.’

	<u>Siti</u>	<u>Mecahake</u>	<u>Gelas</u>
Wu	TAr	TKr	TAr
G	J	W	L
K	Par	KrTndEtr	Pnd

Adhedhasar dhata (2a), konstruksi ukara kang wasesane tanpa tembung *wis* kasebut tetep nuduhake guna J-W-L. Konstituen *wis mecahake* kang owah dadi *mecahake* kasebut tetep nuduhake guna W lan kalungguhan KrTndEtr. Bedane yaiku manggon ing wujud. Nalika ora karaketan tembung *wis*, konstituen *mecahake* nduweni wujud TKr kang durung cetha wektu kanggo nindakake pakaryan kasebut.

Anane peranan kang beda kang manggon ing wujud kasebut ndadekake makna kang kinandhut sajrone ukara kasebut uga beda. Konstituen *wis mecahake* nuduhake yen pakaryan mecahake kasebut wis kelakon utawa jejer wis rampung anggone mecahake gelas. Dene konstituen *mecahake* kang ora karaketan tembung *wis* kasebut ora nuduhake bab sing kaya mangkono. Bab iki ngemu teges yen konstituen *mecahake* kasebut ora bisa diarani aspek pungtiliar telis, jalaran verba pungtual iki nuduhake anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*) lan nuduhake yen proses nuju sasaran akhir kasebut wis rampung/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*) kang dadi titikane kahanan telis. Nanging ora ana tembung *wis* kang matesi tembung kriyane kanggo nuduhake aspek.

Dhata (2) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk ekatransitif wuwuhan {m-/ake}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan wuwuhan {m-/ake}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(2) Wis mecahake → wis + mecahake

APT + TKrTnd

{m-/ake} + TLi

{m-/ake} + pecah = mecahake

Konstituen *wis mecahake* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *mecahake* kang arupa TKrTnd. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *mecahake* yaiku saka tembung lingga *pecah* kang karaketan wuwuhan {m-/ake}, mula bisa dadi tembung *mecahake*.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk Dwitransitif

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk dwitransitif mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis lan wasesane arupa tembung kriya tanduk. Fungsi gramatikale ana papat, arupa jejer, wasesa, gegane, lan lesan. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk dwitransitif iki diperang maneh dadi telu adhedhasar proses afiksasine. Luwih jangepe diandharake ing ngisor.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk Dwitransitif Wuwuhan {m-/i}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk dwitransitif wuwuhan {m-/i} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanduk karaketan wuwuhan {m-/i} lan fungsi gramatikal ukarane ana patang konstituen yaiku J-W-Gg-L. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(3) Ibu menahi sangu adhik ipeku. (PS9:CC20:27 Pebruari 2016)

‘Ibu memberi adik ipar saya uang saku.’

	<u>Ibu</u>	<u>Menahi</u>	<u>Sangu</u>	<u>adhik ipeku</u>
Wu	TAr	TKr	TAr	FAr
G	J	W	Gg	L
K	Par	KrTndDtr	Pnd	Pnp

Supaya bisa ngerteni yen guna W kang karaketan tembung *wis* kasebut kalebu perangane aspek pungtiliar telis, mula ukara ing dhata (3) kudu diowahi dhapur sintaksise luwih dhisik. Ukara ing ndhuwur bakal di wenehi tembung *wis* kaya dhata (3a) ing ngisor iki.

(3a) Ibu wis menahi sangu adhik ipeku.

‘Ibu sudah memberi adik ipar saya uang saku.’

	<u>Ibu</u>	<u>wis menahi</u>	<u>Sangu</u>	<u>adhik ipeku</u>
Wu	TAr	FKr	TAr	TAr
G	J	W	Gg	L
K	Par	KrTndDtr	Pnd	Pnp

Adhedhasar dhata (3a) ing ndhuwur kang wasesane owah dadi konstituen *wis menahi* konstruksine tetep nuduhake guna J-W-Gg-L. Konstituen *wis menahi* tetep nuduhake guna W lan kalungguhan KrTnd, nanging wujud owah dadi FAr amarga dumadi saka tembung *wis* lan tembung *menahi*. Nalika guna W ora karaketan tembung *wis* wujud arupa TAr. Wujud kang owah kasebut ndadekake makna kang kinandhut sajrone ukara uga beda. Konstituen *menahi* kang owah dadi *wis menahi* kasebut prayata nuduhake anane aspek pungtiliar telis, amarga tembung *wis* kasebut kang matesi tembung kriya menahi. Saliyane iku tembung *wis* uga nuduhake rampunge pakaryan menahi/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene tembung *menahi* kasebut kang nuduhake anane proses kanggo nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*).



Dhata (3) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk dwitransitif wuwuhan {m-/i}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan wuwuhan {m-/i}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(3) Wis menehi → wis + menehi  
APT + TKrTnd  
({m-/i} + TLi)  
({m-/i} + weneh) = menehi

Konstituen *wis menehi* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *menehi* kang arupa TKrTnd. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *menehi* yaiku saka tembung lingga *weneh* kang oleh wuwuhan {m-/i}, mula bisa dadi tembung *menehi*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk Dwitransitif Wuwuhan {n/-ake}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk dwitransitif wuwuhan {n/-ake} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanduk karaketan wuwuhan {n/-ake} lan fungsi gramatikal ukarane ana patang konstituen yaiku J-W-Gg-L. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(4) Sari wis nukokake komputer Lina. (PS9:CS18:27 Pebruari 2016)

‘Sari sudah membelikan Lina komputer.’

	<u>Sari</u>	<u>wis nukokake</u>	<u>komputer</u>	<u>Lina</u>
Wu	TAr	FKr	TAr	TAr
G	J	W	Gg	L
K	Par	KrTndDtr	Pnd	Pnp

Dhata (4) kawangun saka guna J-W-Gg-L. Guna J kasebut kaisi dening konstituen *Sari* kang nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan Par. Nduweni kalungguhan minangka Par amarga mujudake paraga kang nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis nukokake* kang nduweni wujud FKr. Konstituen *wis nukokake* dumadi saka tembung *wis* kang nduweni teges yen pakaryan nukokake wis kelakon lan tembung nukokake minangka tembung kriya. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen anane aspek pungtiliar telis sajrone ukara ing dhata (4). Kalungguhan saka konstituen *wis nukokake* yaiku KrTndDtr. Diarani kriya tanduk dwitransitif, amarga wasesane arupa tembung kriya tanduk lan ukarane dumadi saka patang konstituen yaiku J-W-Gg-L. Guna Gg kaisi dening konstituen komputer kang wujud arupa TAr kanthi kalungguhan Pnd. Banjur guna L kang kaisi dening konstituen *Lina* kang wujud arupa TAr kanthi kalungguhan Pnp. Tembung *wis* kang matesi tembung kriya kasebut nuduhake anane aspek. Tembung *wis* nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene tembung kriya *nukokake* kasebut nuduhake anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*).

Dhata (4) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk dwitransitif wuwuhan {n/-ake}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan wuwuhan {n/-ake}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(4) Wis nukokake → wis + nukokake  
APT + TKrTnd  
({n/-ake} + TLi)  
({n/-ake} + tuku) = nukokake

Konstituen *wis nukokake* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *nukokake* kang arupa TKrTnd. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *nukokake* yaiku saka tembung lingga *tuku* kang

oleh wuwuhan {n/-ake}, mula bisa dadi tembung *nukokake*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk Dwitransitif Wuwuhan {ng/-ake}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk dwitransitif wuwuhan {ng/-ake} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanduk karaketan wuwuhan {ng/-ake} lan fungsi gramatikal ukarane ana patang konstituen yaiku J-W-Gg-L. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(5) Larsih wis nggawekake jenang sumsum bapak. (PS10:CC21:5 Maret 2016)

‘Larsih sudah membuatkan ayah bubur sumsum.’

	<u>Larsih</u>	<u>wis nggawekake</u>	<u>jenang sumsum</u>	<u>bapak</u>
Wu	TAr	FKr	FAr	TAr
G	J	W	Gg	L
K	Par	KrTndDtr	Pnd	Pnp

Dhata (5) kawangun saka guna J-W-Gg-L. Guna J kasebut kaisi dening konstituen *Larsih* kang nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan Par. Nduweni kalungguhan minangka Par amarga mujudake paraga kang nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis nggawekake* kang nduweni wujud FKr. Konstituen *wis nggawekake* dumadi saka tembung *wis* kang nduweni teges yen pakaryan nggawekake wis kelakon lan tembung nggawekake minangka tembung kriya. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen anane aspek pungtiliar telis sajrone ukara ing dhata (5). Kalungguhan saka konstituen *wis nggawekake* yaiku KrTndDtr. Diarani kriya tanduk dwitransitif, amarga wasesane arupa tembung kriya tanduk lan ukarane dumadi saka patang konstituen yaiku J-W-Gg-L. Guna Gg kaisi dening konstituen *jenang sumsum* kang wujud arupa FAr kanthi kalungguhan Pnd. Banjur guna L kang kaisi dening konstituen *bapak* kang wujud arupa TAr kanthi kalungguhan Pnp. Tembung *wis* kang matesi tembung kriya kasebut nuduhake anane aspek. Tembung *wis* nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene tembung kriya *nggawekake* kasebut nuduhake anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*). Saka andharan kasebut nuduhake yen ukara (5) ngandhut aspek pungtiliar telis.

Dhata (5) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk dwitransitif wuwuhan {ng/-ake}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan wuwuhan {ng/-ake}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(5) Wis nggawekake → wis + nggawekake  
APT + TKrTnd  
({ng/-ake} + TLi)  
({ng/-ake} + gawe) = nggawekake

Konstituen *wis nggawekake* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *nggawekake* kang arupa TKrTnd. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *nggawekake* yaiku dumadi saka tembung lingga *gawe* kang oleh wuwuhan {ng/-ake}, mula bisa dadi tembung *nggawekake*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk Semitransitif

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk semitransitif mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis lan wasesane arupa tembung kriya tanduk. Fungsi gramatikale ana telu, arupa jejer, wasesa, lan gegane. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk semitransitif iki diperang maneh dadi loro (2) adhedhasar proses afiksasine. Luwih jangepe diandharake ing ngisor iki.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk Semitransitif Ater-ater {n-}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk semitransitif ater-ater {n-} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanduk karaketan ater-ater {n-} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-Gg. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

- (6) Aku wis numpak sepur. (PS1:CC21:2 Januari 2016)  
‘Saya sudah naik kereta api.’

	<u>Aku</u>	<u>wis numpak</u>	<u>Sepur</u>
Wu	TAr	FKr	TAr
G	J	W	Gg
K	Par	KrTndStr	Pnd

Dhata (6) kawangun saka guna J-W-Gg. Guna J kasebut kaisi dening konstituen *Aku* kang nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan Par. Nduweni kalungguhan minangka Par amarga mujudake paraga kang nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis numpak* kang nduweni wujud FKr. Konstituen *wis numpak* dumadi saka tembung *wis* kang nduweni teges yen pakaryan numpak wis kelakon lan tembung *numpak* minangka tembung kriya. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen anane aspek pungtiliar telis sajrone ukara ing dhata (6). Kalungguhan saka konstituen *wis numpak* yaiku KrTndStr. Diarani kriya tanduk semitransitif, amarga wasesane arupa tembung kriya tanduk lan ukarane dumadi saka telung konstituen yaiku J-W-Gg. Guna Gg kaisi dening konstituen *sepur* kang wujud arupa TAr kanthi kalungguhan Pnd. Tembung *wis* kang matesi tembung kriya kasebut nuduhake anane aspek. Tembung *wis* nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene tembung kriya *numpak* kasebut nuduhake anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*). Saka andharan kasebut nuduhake yen ukara (6) ngandhut aspek pungtiliar telis.

Dhata (6) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk semitransitif ater-ater {n-}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan ater-ater {n-}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

- (6) Wis numpak → wis + numpak  
APT + TKrTnd  
({n-} + TLi)  
({n-} + tumpak) = numpak

Konstituen *wis numpak* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *numpak* kang arupa TKrTnd. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *numpak* yaiku saka tembung lingga *tumpak* kang karaketan ater-ater anuswara {n-}, mula bisa dadi tembung *numpak*.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk Semitransitif Ater-ater {m-}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk semitransitif ater-ater {m-} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanduk karaketan ater-ater {m-} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-Gg. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

- (7) Deny wis mlebu ruwang pimpinan. (PS4:CC23:23 Januari 2016)  
‘Deny sudah masuk ruang pimpinan.’

	<u>Deny</u>	<u>wis mlebu</u>	<u>ruwang pimpinan</u>
Wu	TAr	FKr	FAr

G	J	W	Gg
K	Par	KrTndStr	Pnd

Dhata (7) kawangun saka guna J-W-Gg. Guna J kasebut kaisi dening konstituen *Deny* kang nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan Par. Nduweni kalungguhan minangka Par amarga mujudake paraga kang nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis mlebu* kang nduweni wujud FKr. Konstituen *wis mlebu* dumadi saka tembung *wis* kang nduweni teges yen pakaryan mlebu wis kelakon lan tembung *mlebu* minangka tembung kriya. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen anane aspek pungtiliar telis sajrone ukara ing dhata (7). Kalungguhan saka konstituen *wis mlebu* yaiku KrTndStr. Diarani kriya tanduk semitransitif, amarga wasesane arupa tembung kriya tanduk lan ukarane dumadi saka telung konstituen yaiku J-W-Gg. Guna Gg kaisi dening konstituen *ruwang pimpinan* kang wujud arupa FAr kanthi kalungguhan Pnd. Tembung *wis* kang matesi tembung kriya kasebut nuduhake anane aspek. Tembung *wis* nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene tembung kriya *mlebu* kasebut nuduhake anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*). Saka andharan kasebut nuduhake yen ukara (7) ngandhut aspek pungtiliar telis.

Dhata (7) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk semitransitif ater-ater {m-}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan ater-ater {m-}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

- (7) Wis mlebu → wis + mlebu  
APT + TKrTnd  
({m-} + TLi)  
({m-} + lebu) = mlebu

Konstituen *wis mlebu* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *mlebu* kang arupa TKrTnd. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *mlebu* yaiku saka tembung lingga *lebu* kang karaketan ater-ater anuswara {m-}, mula bisa dadi tembung *mlebu*.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk Taktransitif

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk taktransitif mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis lan wasesane arupa tembung kriya tanduk. Fungsi gramatikale ana loro, arupa jejer lan wasesa. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk taktransitif iki diperang maneh dadi loro (2) adhedhasar proses afiksasine. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk Taktransitif Ater-Ater {ny-}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk taktransitif ater-ater {ny-} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanduk karaketan ater-ater {ny-} lan fungsi gramatikal ukarane ana rong konstituen yaiku J-W. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

- (8) Hermin wis nyapu. (PS1:CC21:2 Januari 2016)  
‘Hermin sudah menyapu.’

	<u>Hermin</u>	<u>wis nyapu</u>
Wu	TAr	FKr
G	J	W
K	Par	KrTndTtr

Dhata (8) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk taktransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W. Guna J dituduhake lumantar konstituen *Hermin*. Konstituen *Hermin* kasebut nduweni wujud TAr. Dene kalungguhane minangka Par,



amarga jejer *Hermin* nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis nyapu*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *nyapu* kang nuduhake tembung kriya taktransitif. Konstituen *wis nyapu* kasebut nduweni kalungguhan KrTndTtr. Diarani tembung kriya tanduk taktransitif amarga tembung kriyane arupa tembung tanduk lan ukarane kasusun saka rong konstituen inti yaiku J-W. Tembung kriya ing dhata (8) kagandhengan tembung *wis*. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen proses nuju sasaran akhir *wis* rampung (pakaryane *wis* rampung ditindakake)/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhire/titik terminal potensial (*potential terminal points*) dituduhane dening tembung kriya *nyapu*.

Dhata (8) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk taktransitif ater-ater {ny-}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan ater-ater {ny-}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(8) Wis nyapu → wis + nyapu  
APT + TKrTnd  
({ny-} + TLi)  
({ny-} + sapu) = nyapu

Konstituen *wis nyapu* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *nyapu* kang arupa TKrTnd. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *nyapu* yaiku dumadi saka tembung lingga *sapu* kang karaketan ater-ater anuswara {ny-}, mula bisa dadi tembung *nyapu*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanduk Taktransitif Ater-ater {ng-}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk taktransitif ater-ater {ng-} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanduk karaketan ater-ater {ng-} lan fungsi gramatikal ukarane ana rong konstituen yaiku J-W. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(9) Wibowo wis ngarit. (PS3:CC20:16 Januari 2016)

‘Wibowo sudah mencari rumput.’

	<u>Wibowo</u>	<u>wis ngarit</u>
Wu	TAr	FKr
G	J	W
K	Par	KrTndTtr

Dhata (9) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk taktransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W. Guna J dituduhake lumantar konstituen *Wibowo*. Konstituen *Wibowo* kasebut nduweni wujud TAr. Dene kalungguhane minangka Par, amarga jejer *Wibowo* nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis ngarit*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *ngarit* kang nuduhake tembung kriya taktransitif. Konstituen *wis ngarit* kasebut nduweni kalungguhan KrTndTtr. Diarani tembung kriya tanduk taktransitif amarga tembung kriyane arupa tembung tanduk lan ukarane kasusun saka rong konstituen inti yaiku J-W. Tembung kriya ing dhata (9) kagandhengan tembung *wis* kang diarani aspek. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen proses nuju sasaran akhir *wis* rampung (pakaryane *wis* rampung ditindakake)/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene proses nuju

sasaran akhire/titik terminal potensial (*potential terminal points*) dituduhane dening tembung kriya *ngarit*.

Dhata (9) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk taktransitif ater-ater {ng-}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan ater-ater {ng-}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(9) Wis ngarit → wis + ngarit  
APT + TKrTnd  
({ng-} + TLi)  
({ng-} + arit) = ngarit

Konstituen *wis ngarit* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *ngarit* kang arupa TKrTnd. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *ngarit* yaiku saka tembung lingga *arit* kang karaketan ater-ater {ng-}, mula bisa dadi tembung *ngarit*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis kang tembung kriyane arupa tembung kriya tanggap. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap adhedhasar valensine diperang dadi papat. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap Ekatransitif

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap ekatransitif mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis lan wasesane arupa tembung kriya tanggap. Fungsi gramatikale ana telu, arupa jejer, wasesa, lan lesan. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap ekatransitif iki diperang maneh dadi loro adhedhasar proses afiksasine. Luwih jangeke diandharake ing ngisor iki.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap Ekatransitif Ater-Ater {di-}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap ekatransitif ater-ater {di-} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanggap karaketan ater-ater {di-} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-L. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(10) Daginge wis diiris Ibu. (PS10:CC21:5 Maret 2016)

‘Dagingnya sudah dipotong ibu.’

	<u>Daginge</u>	<u>wis diiris</u>	<u>Ibu</u>
Wu	TAr	FKr	TAr
G	J	W	L
K	Pnd	KrTgpEtr	Par

Dhata (10) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap ekatransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W-L. Guna J dituduhake lumantar konstituen *daginge*. Konstituen *daginge* kasebut nduweni wujud TAr. Dene kalungguhane minangka Pnd, amarga jejer *daginge* kasebut kang nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis diiris*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *diiris* kang nuduhake tembung kriya ekatransitif. Konstituen *wis diiris* kasebut nduweni kalungguhan KrTgpEtr. Diarani tembung kriya tanggap ekatransitif amarga tembung kriyane arupa tembung tanggap lan ukarane kasusun saka telung konstituen inti yaiku J-W-L. Guna L kaisi dening konstituen *ibu*. Konstituen *ibu* kasebut nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan minangka Par, amarga lesan *ibu* kasebut kang nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Tembung

kriya *diiris* ing dhata (10) nuduhake proses nuju sasaran akhir/titik terminal potensial (*potential terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir kasebut wis rampung/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*) dituduhane dening tembung *wis*. Andharan kasebut kang nuduhake kahanan telis, nanging tanpa anane tembung *wis* ukara ing dhata (10) ora bisa diarani ngandhut aspek pungtiliar telis. Amarga kang nuduhake aspek yaiku tembung *wis* kang nuduhake rampunge pakaryan.

Dhata (10) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap ekatransitif ater-ater {di-}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan ater-ater {di-}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(10) Wis *diiris* → wis + *diiris*  
APT + TKrTnd  
{(di-) + TLi}  
{(di-) + iris} = *diiris*

Konstituen *wis diiris* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *diiris* kang arupa TKrTgp. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *diiris* yaiku saka tembung lingga *iris* kang karaketan ater-ater {di-}, mula bisa dadi tembung *diiris*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap Ekatransitif Wuwuhan {di-/i}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap ekatransitif wuwuhan {di-/i} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanggap karaketan wuwuhan {di-/i} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-L. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(11) Radhione wis didandani Pak Doni. (PS9:CC23:27 Pebruari 2016)  
'Radhionya sudah diperbaiki Pak Doni.'

	<u>Radhione</u>	<u>wis didandani</u>	<u>Pak Doni</u>
Wu	TAr	FKr	FAr
G	J	W	L
K	Pnd	KrTgpEtr	Par

Dhata (11) kawangun saka guna J-W-L. Guna J kasebut kaisi dening konstituen *Radhione* kang nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan Pnd. Nduweni kalungguhan minangka Pnd amarga nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis didandani* kang nduweni wujud FKr. Konstituen *wis didandani* dumadi saka tembung *wis* kang nduweni teges yen pakaryan ndandani wis kelakon lan tembung *ndandani* minangka tembung kriya. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen anane aspek pungtiliar telis sajrone ukara ing dhata (11). Kalungguhan saka konstituen *wis didandani* yaiku KrTgpEtr. Diarani kriya tanduk ekatransitif, amarga wasesane arupa tembung kriya tanggap lan ukarane dumadi saka telung konstituen yaiku J-W-L. Guna L kaisi dening konstituen *Pak Doni* kang wujud arupa FAr kanthi kalungguhan Par, amarga paraga kasebut kang nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Tembung *wis* kang matesi tembung kriya kasebut nuduhake anane aspek. Tembung *wis* nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene tembung kriya *didandani* kasebut nuduhake anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*). Saka andharan kasebut nuduhake yen ukara (11) ngandhut aspek pungtiliar telis.

Dhata (11) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap ekatransitif wuwuhan {di-/i},

amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan wuwuhan {di-/i}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(11) Wis didandani → wis + didandani  
APT + TKrTgp  
{(di-/i) + TLi}  
{(di-/i) + dandan} = didandani

Konstituen *wis didandani* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *didandani* kang arupa TKrTgp. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *didandani* yaiku dumadi saka tembung lingga *dandan* kang oleh wuwuhan {di-/i}, mula bisa dadi tembung *didandani*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap Dwitransitif

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap Dwitransitif mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis lan wasesane arupa tembung kriya tanggap. Fungsi gramatikale ana papat, arupa jejer, wasesa, geganep, lan lesan. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap dwitransitif iki diperang maneh dadi loro adhedhasar proses afiksasine. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap Dwitransitif Ater-Ater {di-}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap dwitransitif ater-ater {di-} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanggap karaketan ater-ater {di-} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-Gg-L. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(12) Kucinge ditali rumput jepang masku. (PS8:CC21:20 Pebruari 2016)

'Kucingnya ditali rafia kakak saya.'

	<u>Kucinge</u>	<u>Ditali</u>	<u>rumpu jepang</u>	<u>Masku</u>
Wu	TAr	TKr	FAr	TAr
G	J	W	Gg	L
K	Pnp	KrTgpDtr	Pnd	Par

Supaya bisa ngerteni yen guna W kang karaketan tembung *wis* kasebut kalebu perangan aspek pungtiliar telis, mula ukara ing dhata (12) kudu diowahi dhapur sintaksise luwih dhisik. Ukara ing ndhuwur bakal di wenehi tembung *wis* kaya dhata (12a) ing ngisor iki.

(12a) Kucinge wis ditali rumput jepang masku.

'Kucingnya ditali rafia kakak saya.'

	<u>Kucinge</u>	<u>Wis ditali</u>	<u>rumpu jepang</u>	<u>masku</u>
Wu	TAr	FKr	FAr	TAr
G	J	W	Gg	L
K	Pnp	KrTgpDtr	Pnd	Par

Adhedhasar dhata (12a) ing ndhuwur kang wasesane owah dadi konstituen *wis ditali* konstruksine tetep nuduhake guna J-W-Gg-L. Konstituen *wis ditali* tetep nuduhake guna W lan kalungguhan KrTgpDtr, nanging wujud owah dadi FKr amarga dumadi saka tembung *wis* lan tembung *ditali*. Nalika guna W ora karaketan tembung *wis* wujud arupa TKr. Wujud kang owah kasebut ndadekake makna kang kinandut sajrone ukara uga beda. Konstituen *ditali* kang owah dadi *wis ditali* kasebut prayata nuduhake anane aspek pungtiliar telis, amarga tembung *wis* kasebut kang matesi tembung kriya *ditali*. Saliyane iku tembung *wis* uga nuduhake rampunge pakaryan menehi/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene tembung *ditali* kasebut kang nuduhake anane proses kanggo nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*).

Dhata (12a) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap dwitransitif ater-ater {di-}, amarga



tembung kriya ing ukara kasebut karaketan ater-ater {di-}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(12a) Wis ditali → wis + ditali  
APT + TKrTgp  
{(di-) + TLi}  
{(di-) + tali} = ditali

Konstituen *wis ditali* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *ditali* kang arupa TKrTgp. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *ditali* yaiku saka tembung lingga *tali* kang oleh ater-ater {di-}, mula bisa dadi tembung *ditali*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap Dwitransitif Wuwuhan {di-/i}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap dwitransitif wuwuhan {di-/i} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanggap karaketan wuwuhan {di-/i} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-Gg-L. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(13) Dheweke wis diwenahi pelem Kristanto. (PS1:CS19:2 Januari 2016)

'Dia sudah dikasih buah mangga Kristanto.'

	Dheweke	wis diwenahi	pelem	Kristanto
Wu	TAr	FKr	TAr	TAr
G	J	W	Gg	L
K	Pnp	KrTgpDtr	Pnd	Par

Dhata (13) kawangun saka guna J-W-Gg-L. Guna J kasebut kaisi dening konstituen *Dheweke* kang nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan Pnp. Guna W diisi konstituen *wis diwenahi* kang nduweni wujud FKr. Konstituen *wis diwenahi* dumadi saka tembung *wis* kang nduweni teges yen pakaryan menehi wis kelakon lan tembung *diwenahi* minangka tembung kriya. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen anane aspek pungtiliar telis sajrone ukara ing dhata (13). Kalungguhan saka konstituen *wis diwenahi* yaiku KrTgpDtr. Diarani kriya tanggap dwitransitif, amarga wasesane arupa tembung kriya tanggap lan ukarane dumadi saka patang konstituen yaiku J-W-Gg-L. Guna Gg kaisi dening konstituen *pelem* kang wujud arupa TAr kanthi kalungguhan Pnd. Banjur guna L kang kaisi dening konstituen *Kristanto* kang wujud arupa TAr kanthi kalungguhan Par. Nduweni kalungguhan minangka Par amarga mujudake paraga kang nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Tembung *wis* kang matesi tembung kriya kasebut nuduhake anane aspek. Tembung *wis* nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene tembung kriya *diwenahi* kasebut nuduhake anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*). Saka andharan kasebut nuduhake yen ukara (13) ngandhut aspek pungtiliar telis.

Dhata (13) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap dwitransitif wuwuhan {di-/i}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan wuwuhan {di-/i}.

(13) Wis diwenahi → wis + diwenahi  
APT + TKrTgp  
{(di-/i) + TLi}  
{(di-/i) + weneh} = diwenahi

Konstituen *wis diwenahi* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *diwenahi* kang arupa TKrTgp. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *diwenahi* yaiku dumadi saka tembung lingga

*weneh* kang oleh wuwuhan {di-/i}, mula bisa dadi tembung *diwenahi*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap Semitransitif

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap semitransitif mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis lan wasesane arupa tembung kriya tanggap. Fungsi gramatikale ana telu, arupa jejer, wasesa, lan gegane. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap semitransitif iki diperang maneh dadi telu adhedhasar proses afiksasine. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap Semitransitif Ater-Ater {di-}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap semitransitif ater-ater {di-} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanggap karaketan ater-ater {di-} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-Gg. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(14) Warga wis digawe bingung. (PS23:CC22:4 Juni 2016)

'Warga sudah dibuat bingung.'

	Warga	wis digawe	Bingung
Wu	TAr	FKr	TAr
G	J	W	Gg
K	Pnd	KrTgpStr	Pnd

Dhata (14) kawangun saka guna J-W-Gg. Guna J kasebut kaisi dening konstituen *warga* kang nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan Pnd. Guna W diisi konstituen *wis digawe* kang nduweni wujud FKr. Konstituen *wis digawe* dumadi saka tembung *wis* kang nduweni teges yen pakaryan nggawe wis kelakon lan tembung *digawe* minangka tembung kriya. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen anane aspek pungtiliar telis sajrone dhata (14) kasebut. Kalungguhan saka konstituen *wis digawe* yaiku KrTgpStr. Diarani kriya tanggap semitransitif, amarga wasesane arupa tembung kriya tanggap lan ukarane dumadi saka telung konstituen inti yaiku J-W-Gg. Guna Gg kaisi dening konstituen *bingung* kang wujud arupa TAr kanthi kalungguhan Pnd. Tembung *wis* kang matesi tembung kriya kasebut nuduhake anane aspek. Tembung *wis* nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*) lan matesi tembung kriya *digawe*. Dene tembung kriya *digawe* kasebut nuduhake anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*). Saka andharan kasebut nuduhake yen ukara (14) ngandhut aspek pungtiliar telis.

Dhata (14) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap semitransitif ater-ater {di-}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan ater-ater {di-}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(14) Wis digawe → wis + digawe  
APT + TKrTgp  
{(di-) + TLi}  
{(di-) + gawe} = digawe

Konstituen *wis digawe* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *digawe* kang arupa TKrTgp. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *digawe* yaiku dumadi saka tembung lingga *gawe*, oleh ater-ater {di-}, mula bisa dadi tembung *digawe*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap Semitransitif Wuwuhan {kok-/i}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap semitransitif wuwuhan {kok-/i} yaiku aspek pungtiliar telis kang

wasesane arupa tembung kriya tanggap karaketan wuwuhan {kok-/i} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-Gg. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(15) Pitike wis kokpakani jagung. (PS1:CC22:2 Januari 2016)

'Ayamnya sudah kamu beri makan jagung.'

	<u>Pitike</u>	<u>wis kokpakani</u>	<u>jagung</u>
Wu	TAr	FKr	TAr
G	J	W	Gg
K	Pnd	KrTgpStr	Pnd

Dhata (15) kawangun saka guna J-W-Gg. Guna J kasebut kaisi dening konstituen *pitike* kang nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan Pnd. Guna W diisi konstituen *wis kokpakani* kang nduweni wujud FKr. Konstituen *wis kokpakani* dumadi saka tembung *wis* kang nduweni teges yen pakaryan makani wis kelakon lan tembung *kokpakani* minangka tembung kriya. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen anane aspek pungtiliar telis sajrone dhata (15) kasebut. Kalungguhan saka konstituen *wis kokpakani* yaiku KrTgpStr. Diarani kriya tanggap semitransitif, amarga wasesane arupa tembung kriya tanggap lan ukarane dumadi saka telung konstituen inti yaiku J-W-Gg. Guna Gg kaisi dening konstituen *jagung* kang wujud arupa TAr kanthi kalungguhan Pnd. Tembung *wis* kang matesi tembung kriya *kokpakani* kasebut nuduhake anane aspek. Tembung *wis* nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene tembung kriya *kokpakani* kasebut nuduhake anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*). Saka andharan kasebut nuduhake yen ukara (15) ngandhut aspek pungtiliar telis.

Dhata (15) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap semitransitif wuwuhan {kok-/i}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan wuwuhan {kok-/i}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(15) Wis kokpakani → wis + kokpakani  
APT + TKrTgp  
({kok-/i} + TLi)  
({kok-/i} + pakan) = kokpakani

Konstituen *wis kokpakani* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *kokpakani* kang arupa TKrTgp. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *kokpakani* yaiku dumadi saka tembung lingga *pakan* kang oleh wuwuhan {kok-/i}, mula bisa dadi tembung *kokpakani*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap Semitransitif Wuwuhan {di-/i}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap semitransitif wuwuhan {di-/i} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanggap karaketan wuwuhan {di-/i} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-Gg. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(16) Adhik wis disarapi sega jagung. (PS13:CC20:26 Maret 2016)

'Adhik sudah diberi sarapan nasi jagung.'

	<u>Adhik</u>	<u>wis disarapi</u>	<u>Sega jagung</u>
Wu	TAr	FKr	FAr
G	J	W	Gg
K	Pnd	KrTgpStr	Pnd

Dhata (16) kawangun saka guna J-W-Gg. Guna J kasebut kaisi dening konstituen *Adhik* kang nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan Pnd. Guna W diisi konstituen *wis disarapi* kang nduweni wujud FKr.

Konstituen *wis disarapi* dumadi saka tembung *wis* kang nduweni teges yen pakaryan nyarapi kasebut wis kelakon lan tembung *disarapi* minangka tembung kriya. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen anane aspek pungtiliar telis sajrone dhata (16). Kalungguhan saka konstituen *wis disarapi* yaiku KrTgpStr. Diarani kriya tanggap semitransitif, amarga wasesane arupa tembung kriya tanggap lan ukarane dumadi saka telung konstituen inti yaiku J-W-Gg. Guna Gg kaisi dening konstituen *sega jagung* kang wujud arupa FAr kanthi kalungguhan Pnd. Tembung *wis* kang matesi tembung kriya *disarapi* kasebut nuduhake anane aspek. Tembung *wis* nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene tembung kriya *disarapi* kasebut nuduhake anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*). Saka andharan kasebut nuduhake yen ukara (16) ngandhut aspek pungtiliar telis.

Dhata (16) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap semitransitif wuwuhan {di-/i}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan wuwuhan {di-/i}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(16) Wis disarapi → wis + disarapi  
APT + TKrTgp  
({di-/i} + TLi)  
({di-/i} + sarap) = disarapi

Konstituen *wis disarapi* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *disarapi* kang arupa TKrTgp. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *disarapi* yaiku dumadi saka tembung lingga *sarap* kang oleh wuwuhan {di-/i}, mula bisa dadi tembung *disarapi*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap Taktransitif

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis lan wasesane arupa tembung kriya tanggap. Fungsi gramatikale ana loro, arupa jejer lan wasesa. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif iki diperang maneh dadi loro adhedhasar proses afiksasine. Luwih jangepe diandharake ing ngisor iki.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap Taktransitif Wuwuhan {di-/ake}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif wuwuhan {di-/ake} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanggap karaketan wuwuhan {di-/ake} lan fungsi gramatikal ukarane ana rong konstituen yaiku J-W. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(17) Dhuwite wis dientekake. (PS7:CC21:13 Pebruari 2016)

'Uangnya sudah dihabiskan.'

	<u>Dhuwite</u>	<u>wis dientekake</u>
Wu	TAr	FKr
G	J	W
K	Pnd	KrTgpTr

Dhata (17) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W. Guna J dituduhake lumantar konstituen *dhuwite*. Konstituen *dhuwite* kasebut nduweni wujud TAr. Dene kalungguhane minangka Pnd, amarga jejer *dhuwite* nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis dientekake*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis



kelakon lan tembung *dientekake* kang nuduhake tembung kriya taktransitif. Konstituen *wis dientekake* kasebut nduweni kalungguhan KrTgpTtr. Diarani tembung kriya tanggap taktransitif amarga tembung kriyane arupa tembung tanggap lan ukarane kasusun saka rong konstituen inti yaiku J-W. Tembung kriya ing dhata (17) kagandhengan tembung *wis* kang diarani aspek. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen proses nuju sasaran akhir *wis* rampung (pakaryane *wis* rampung ditindakake)/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir/titik terminal potensial (*potential terminal points*) dituduhane dening tembung kriya *dientekake*.

Dhata (17) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif wuwuhan {di/-ake}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan wuwuhan {di/-ake}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(17) Wis dientekake → wis + dientekake  
 APT + TKrTgp  
 ({di/-ake} + TLi)  
 ({di/-ake} + entek) = dientekake

Konstituen *wis dientekake* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *dientekake* kang arupa TKrTgp. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *dientekake* yaiku saka tembung lingga *entek* kang karaketan wuwuhan {di/-ake}, mula bisa dadi tembung *dientekake*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap Taktransitif Ater-ater {dak-}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif ater-ater {dak-} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanggap karaketan ater-ater {dak-} lan fungsi gramatikal ukarane ana rong konstituen yaiku J-W. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(18) Parine wis dakrabuk. (PS42:SW5:15 Oktober 2016)  
 'Padinya sudah saya beri pupuk.'

	<u>Parine</u>	<u>wis dakrabuk</u>
Wu	TAr	FKr
G	J	W
K	Pnd	KrTgpTtr

Dhata (18) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W. Guna J dituduhake lumantar konstituen *parine*. Konstituen *parine* kasebut nduweni wujud TAr. Dene kalungguhane minangka Pnd, amarga jejer *parine* nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis dakrabuk*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *dakrabuk* kang nuduhake tembung kriya taktransitif. Konstituen *wis dakrabuk* iku nduweni kalungguhan KrTgpTtr. Diarani tembung kriya tanggap taktransitif amarga tembung kriyane arupa tembung tanggap lan ukarane kasusun saka rong konstituen inti yaiku J-W. Tembung kriya ing dhata (18) kagandhengan tembung *wis* kang diarani aspek. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen proses nuju sasaran akhir *wis* rampung (pakaryane *wis* rampung ditindakake)/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir/titik terminal potensial (*potential terminal points*) dituduhane dening tembung kriya *dakrabuk*.

Dhata (18) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif ater-ater {dak-}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan ater-ater {dak-}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(18) Wis dakrabuk → wis + dakrabuk  
 APT + TKrTgp  
 ({dak-} + TLi)  
 ({dak-} + rabuk) = dakrabuk

Konstituen *wis dakrabuk* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *dakrabuk* kang arupa TKrTgp. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *dakrabuk* yaiku saka tembung lingga *rabuk* kang karaketan ater-ater {dak-}, mula bisa dadi tembung *dakrabuk*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap Taktransitif Wuwuhan {ke/-an}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif wuwuhan {ke/-an} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanggap karaketan wuwuhan {ke/-an} lan fungsi gramatikal ukarane ana rong konstituen yaiku J-W. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(19) Pak Wagito wis kemalingan. (PS31:CC23:30 Juli 2016)

'Pak Wagito sudah kecurian.'

	<u>Pak Wagito</u>	<u>wis kemalingan</u>
Wu	FAr	FKr
G	J	W
K	Pnd	KrTgpTtr

Dhata (19) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W. Guna J dituduhake lumantar konstituen *pak Wagito*. Konstituen *pak Wagito* kasebut nduweni wujud FAr. Dene kalungguhane minangka Pnd, amarga jejer *pak Wagito* nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis kemalingan*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *kemalingan* kang nuduhake tembung kriya taktransitif. Konstituen *wis kemalingan* kasebut nduweni kalungguhan KrTgpTtr. Diarani tembung kriya tanggap taktransitif amarga tembung kriyane arupa tembung tanggap lan ukarane kasusun saka rong konstituen inti yaiku J-W. Tembung kriya ing dhata (19) kagandhengan tembung *wis* kang diarani aspek. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen proses nuju sasaran akhir *wis* rampung (pakaryane *wis* rampung ditindakake)/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir/titik terminal potensial (*potential terminal points*) dituduhane dening tembung kriya *kemalingan*.

Dhata (19) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif wuwuhan {ke/-an}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan wuwuhan {ke/-an}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(19) Wis kemalingan → wis + kemalingan  
 APT + TKrTgp  
 ({ke/-an} + TLi)  
 ({ke/-an} + maling) = kemalingan

Konstituen *wis kemalingan* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *kemalingan* kang arupa TKrTgp. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *kemalingan* yaiku saka tembung lingga

*maling* kang karaketan wuwuhan {ke/-an}, mula bisa dadi tembung *kemalingan*.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Baliangga

Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis kang tembung kriyane arupa tembung kriya baliangga. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap adhedhasar valensine diperang dadi telu. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Baliangga Ekatransitif

Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis lan wasesane arupa tembung kriya baliangga. Fungsi gramatikale ana telu, arupa jejer, wasesa, lan lesan. Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif iki diperang maneh dadi telu adhedhasar proses afiksasine. Luwih jangepe diandharake ing ngisor iki.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Baliangga Ekatransitif Ater-Ater {ny-}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif ater-ater {ny-} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya baliangga karaketan ater-ater {ny-} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-L. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(20) Aku wis nyukur brengos. (PS33:CC21:13 Agustus 2016)

‘Saya sudah mencukur kumis.’

	<u>Aku</u>	<u>wis nyukur</u>	<u>brengos</u>
Wu	TAr	FKr	TAr
G	J	W	L
K	Par	KrBlgEtr	Pnd

Dhata (20) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W-L. Guna J dituduhake lumantar konstituen *aku*. Konstituen *aku* kasebut nduweni wujud TAr. Dene kalungguhane minangka Par, amarga jejer *aku* kasebut kang nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis nyukur*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *nyukur* kang nuduhake tembung kriya ekatransitif. Konstituen *wis nyukur* kasebut nduweni kalungguhan KrBlgEtr. Diarani tembung kriya baliangga ekatransitif amarga tembung kriyane arupa tembung baliangga lan ukarane kasusun saka telung konstituen inti yaiku J-W-L. Guna L kaisi dening konstituen *brengos*. Konstituen *brengos* kasebut nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan minangka Pnd, amarga lesan *brengos* kasebut kang nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Tembung kriya *nyukur* ing dhata (20) nuduhake proses nuju sasaran akhire/titik terminal potensial (*potential terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir kasebut wis rampung/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*) dituduhane dening tembung *wis*. Tanpa anane tembung *wis* ukara ing dhata (20) ora bisa diarani ngandhut aspek pungtiliar telis, amarga kang nuduhake aspek yaiku tembung *wis* kang nuduhake rampunge pakaryan.

Dhata (20) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif ater-ater {ny-}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan ater-ater {ny-}. Bab bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(20) Wis nyukur → wis + nyukur  
APT + TKrBlg  
({ny-} + TLi)  
({ny-} + cukur) = nyukur

Konstituen *wis nyukur* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *nyukur* kang arupa TKrTgp. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *nyukur* yaiku saka tembung lingga *cukur* kang karaketan ater-ater {ny-}, mula bisa dadi tembung *nyukur*.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Baliangga Ekatransitif Ater-ater {ng-}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif ater-ater {ng-} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya baliangga karaketan ater-ater {ng-} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-L. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(21) Jika wis ngerok jenggot. (PS27:CC23:2 Juli 2016)

‘Jika sudah mengerok jenggot.’

	<u>Jaka</u>	<u>wis ngerok</u>	<u>jenggot</u>
Wu	TAr	FKr	TAr
G	J	W	L
K	Par	KrBlgEtr	Pnd

Dhata (21) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W-L. Guna J dituduhake lumantar konstituen *Jaka*. Konstituen *Jaka* kasebut nduweni wujud TAr. Dene kalungguhane minangka Par, amarga jejer *Jaka* kasebut kang nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis ngerok*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *ngerok* kang nuduhake tembung kriya ekatransitif. Konstituen *wis ngerok* kasebut nduweni kalungguhan KrBlgEtr. Diarani tembung kriya baliangga ekatransitif amarga tembung kriyane arupa tembung baliangga lan ukarane kasusun saka telung konstituen inti yaiku J-W-L. Guna L kaisi dening konstituen *jenggot*. Konstituen *jenggot* kasebut nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan minangka Pnd, amarga lesan *jenggot* kasebut kang nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Tembung kriya *ngerok* ing dhata (21) nuduhake proses nuju sasaran akhire/titik terminal potensial (*potential terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir kasebut wis rampung/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*) dituduhane dening tembung *wis*. Tanpa anane tembung *wis* ukara ing dhata (21) ora bisa diarani ngandhut aspek pungtiliar telis, amarga kang nuduhake aspek yaiku tembung *wis* kang nuduhake rampunge pakaryan.

Dhata (21) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif ater-ater {ng-}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan ater-ater {ng-}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(21) Wis ngerok → wis + ngerok  
APT + TKrBlg  
({ng-} + TLi)  
({ng-} + kerok) = ngerok

Konstituen *wis ngerok* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *ngerok* kang arupa TKrTBlg. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *ngerok* yaiku saka tembung lingga *kerok* kang karaketan ater-ater {ng-}, mula bisa dadi tembung *ngerok*.



### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Baliangga Ekatransitif Wuwuhan {ny-/i}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif wuwuhan {ny-/i} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya baliangga karaketan wuwuhan {ny-/i} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-L. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(22) Dini wis nyureni rambut. (PS21:CC22:21 Mei 2016)

'Dini sudah menyisir rambutnya.'

	<u>Dini</u>	<u>wis nyureni</u>	<u>Rambut</u>
Wu	TAr	FKr	TAr
G	J	W	L
K	Par	KrBlgEtr	Pnd

Dhata (22) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W-L. Guna J dituduhake lumantar konstituen *Dini*. Konstituen *Dini* kasebut nduweni wujud TAr. Dene kalungguhane minangka Par, amarga jejer *Dini* kasebut kang nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis nyureni*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *nyureni* kang nuduhake tembung kriya ekatransitif. Konstituen *wis nyureni* kasebut nduweni kalungguhan KrBlgEtr. Diarani tembung kriya baliangga ekatransitif amarga tembung kriyane arupa tembung baliangga lan ukarane kasusun saka telung konstituen inti yaiku J-W-L. Guna L kaisi dening konstituen *rambut*. Konstituen *rambut* kasebut nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan minangka Pnd, amarga lesan *rambut* kasebut kang nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Tembung kriya *nyureni* ing dhata (22) nuduhake proses nuju sasaran akhire/titik terminal potensial (*potential terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir kasebut wis rampung/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*) dituduhane dening tembung *wis*. Tanpa anane tembung *wis* ukara ing dhata (22) ora bisa diarani ngandhut aspek pungtiliar telis, amarga kang nuduhake aspek yaiku tembung *wis* kang nuduhake rampunge pakaryan.

Dhata (22) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif wuwuhan {ny-/i}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan wuwuhan {ny-/i}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(22) Wis nyureni → wis + nyureni  
APT + TKrBlg  
(({ny-/i} + TLi)  
(({ny-/i} + suri) = nyureni

Konstituen *wis nyureni* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *nyureni* kang arupa TKrTBlg. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *nyureni* yaiku saka tembung lingga *suri* kang karaketan ater-ater {ny-/i}, mula bisa dadi tembung *nyureni*.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Baliangga Semitransitif

Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga semitransitif mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis lan wasesane arupa tembung kriya baliangga. Fungsi gramatikale ana telu, arupa jejer, wasesa, lan gegane. Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga semitransitif iki

diperang maneh dadi loro adhedhasar proses afiksasine. Luwih jangeke diandharake ing ngisor iki.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Baliangga Semitransitif Panambang {-an}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga semitransitif panambang {-an} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya baliangga mawa panambang {-an} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-Gg. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(23) Adhiku wis suren jambul. (PS30:CS18:23 Juli 2016)

'Adik saya sudah bersuri jambul.'

	<u>Adhiku</u>	<u>wis suren</u>	<u>Jambul</u>
Wu	TAr	FKr	TAr
G	J	W	Gg
K	Par lan Pnd	KrBlgStr	Pnd

Dhata (23) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga semitransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W-Gg. Guna J dituduhake lumantar konstituen *adhiku*. Konstituen *adhiku* kasebut nduweni wujud TAr. Dene kalungguhane minangka Par lan Pnd, amarga jejer *adhiku* kasebut kang nindakake lan nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis suren*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *suren* kang nuduhake tembung kriya semitransitif. Konstituen *wis suren* kasebut nduweni kalungguhan KrBlgStr. Diarani tembung kriya baliangga semitransitif amarga tembung kriyane arupa tembung baliangga lan ukarane kasusun saka telung konstituen inti yaiku J-W-Gg. Guna Gg kaisi dening konstituen *jambul*. Konstituen *jambul* kasebut nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan minangka Pnd, amarga lesan *jenggol* kasebut kang nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Tembung kriya *suren* ing dhata (23) nuduhake proses nuju sasaran akhire/titik terminal potensial (*potential terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir kasebut wis rampung/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*) dituduhane dening tembung *wis*. Tanpa anane tembung *wis* ukara ing dhata (23) ora bisa diarani ngandhut aspek pungtiliar telis, amarga kang nuduhake aspek yaiku tembung *wis* kang nuduhake rampunge pakaryan.

Dhata (23) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga semitransitif panambang {-an}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan panambang {-an}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(23) Wis suren → wis + suren  
APT + TKrBlg  
({-an} + TLi)  
({-an} + suri) = suren

Konstituen *wis suren* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *suren* kang arupa TKrTBlg. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *suren* yaiku saka tembung lingga *suri* kang karaketan panambang {-an}, mula bisa dadi tembung *suren*.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Baliangga Semitransitif Wuwuhan {ng-/ake}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga semitransitif wuwuhan {ng-/ake} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya baliangga karaketan wuwuhan {ng-/ake} lan fungsi gramatikal

ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-Gg. Andharan kasebut bakal dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(24) Dheweke wis ngasokake awak. (PS48:CC23:26 Nopember 2016)

‘Dia sudah mengistirahatkan badan.’

<u>Dheweke</u>		<u>wis ngasokake</u>	<u>awak</u>
Wu	TAr	FKr	TAr
G	J	W	Gg
K	Par lan Pnd	KrBlgStr	Pnd

Dhata (24) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga semitransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W-Gg. Guna J dituduhake lumantar konstituen *dheweke*. Konstituen *dheweke* kasebut nduweni wujud TAr. Dene kalungguhane minangka Par lan Pnd, amarga jejer *dheweke* kasebut kang nindakake lan nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis ngasokake*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *ngasokake* kang nuduhake tembung kriya semitransitif. Konstituen *wis ngasokake* kasebut nduweni kalungguhan KrBlgStr. Diarani tembung kriya baliangga semitransitif amarga tembung kriyane arupa tembung baliangga lan ukarane kasusun saka telung konstituen inti yaiku J-W-Gg. Guna Gg kaisi dening konstituen *awak*. Konstituen *awak* kasebut nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan minangka Pnd, amarga geganep *awak* kasebut kang nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Tembung kriya *ngasokake* ing dhata (24) nuduhake proses nuju sasaran akhir/titik terminal potensial (*potential terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir kasebut wis rampung/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*) dituduhane dening tembung *wis*. Tanpa anane tembung *wis* ukara ing dhata (24) ora bisa diarani ngandhut aspek pungtiliar telis, amarga kang nuduhake aspek yaiku tembung *wis* kang nuduhake rampunge pakaryan.

Dhata (24) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga semitransitif wuwuhan {ng/-ake}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan wuwuhan {ng/-ake}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(24) Wis ngasokake → wis + ngasokake  
APT + TKrBlg  
{(ng/-ake) + TLi}  
{(ng/-ake) + aso} = ngasokake

Konstituen *wis ngasokake* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *ngasokake* kang arupa TKrBlg. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *ngasokake* yaiku saka tembung lingga *aso* kang karaketan wuwuhan {ng/-ake}, mula bisa dadi tembung *ngasokake*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Baliangga Taktransitif

Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga taktransitif mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis lan wasesane arupa tembung kriya baliangga. Fungsi gramatikale ana loro, arupa jejer lan wasesa. Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga taktransitif iki diperang maneh dadi loro adhedhasar proses afiksasine. Luwih jangeke diandharake ing ngisor iki.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Baliangga Taktransitif Kriya Lingga

Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga taktransitif kriya lingga yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya lingga baliangga lan fungsi gramatikal ukarane ana rong konstituen yaiku J-W. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(25) Adhiku wis adus. (PS44:CC22:29 Oktober 2016)

‘Adik saya sudah mandi.’

<u>Adhiku</u>		<u>wis adus</u>
Wu	TAr	FKr
G	J	W
K	Par	KrBlgTtr

Dhata (25) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga taktransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W. Guna J dituduhake lumantar konstituen *adhiku*. Konstituen *adhiku* kasebut nduweni wujud TAr. Dene kalungguhane minangka Par, amarga jejer *adhiku* nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis adus*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *adus* kang nuduhake tembung kriya taktransitif. Konstituen *wis adus* kasebut nduweni kalungguhan KrBlgTtr. Diarani tembung kriya baliangga taktransitif amarga tembung kriyane arupa tembung baliangga lan ukarane kasusun saka rong konstituen inti yaiku J-W. Tembung kriya ing dhata (25) kagandhengan tembung *wis* kang diarani aspek. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen proses nuju sasaran akhir wis rampung (pakaryane wis rampung ditindakake)/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir/titik terminal potensial (*potential terminal points*) dituduhane dening tembung kriya *adus*.

Dhata (25) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga taktransitif kriya lingga, amarga tembung kriya ing ukara kasebut durung owah saka tembung asale (ora karaketan ater-ater, seselan, wuwuhan, lan panambang). Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(25) Wis adus → wis + adus  
APT + TKrBlg  
(TLi)  
(adus) = adus

Konstituen *wis adus* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *adus* kang arupa TKrBlg. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *adus* yaiku saka tembung lingga *adus* kang ora karaketan ater-ater, seselan, wuwuhan, utawa panambang, mula tetep dadi tembung *adus*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Baliangga Taktransitif Ater-ater {ng-}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga taktransitif ater-ater {ng-} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya baliangga karaketan ater-ater {ng-} lan fungsi gramatikal ukarane ana rong konstituen yaiku J-W. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(26) Ibu wis ngaso. (PS25:CC23:18 Juni 2016)

‘Ibu sudah istirahat.’

<u>Ibu</u>		<u>wis ngaso</u>
Wu	TAr	FKr
G	J	W
K	Par	KrBlgTtr

Dhata (26) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga taktransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W. Guna J



dituduhake lumantar konstituen *Ibu*. Konstituen *Ibu* kasebut nduweni wujud TAr. Dene kalungguhane minangka Par, amarga jejer *Ibu* nindakake pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis ngaso*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *ngaso* kang nuduhake tembung kriya taktransitif. Konstituen *wis ngaso* kasebut nduweni kalungguhan KrBlgTtr. Diarani tembung kriya baliangga taktransitif amarga tembung kriyane arupa tembung baliangga lan ukarane kasusun saka rong konstituen inti yaiku J-W. Tembung kriya ing dhata (26) kagandhengan tembung *wis* kang diarani aspek. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen proses nuju sasaran akhir wis rampung (pakaryane wis rampung ditindakake)/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhire/titik terminal potensial (*potential terminal points*) dituduhane dening tembung kriya *ngaso*.

Dhata (26) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga taktransitif ater-ater {ng-}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut mawa ater-ater {ng-}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(26) Wis ngaso → wis + ngaso  
APT + TKrBlg  
({ng-} + TLi)  
({ng-} + aso) = ngaso

Konstituen *wis ngaso* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *ngaso* kang arupa TKrBlg. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *ngaso* yaiku saka tembung lingga *aso* kang karaketan ater-ater {ng-}, mula tetep dadi tembung *ngaso*.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap-tarung

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis kang tembung kriyane arupa tembung kriya tanggap-tarung. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung adhedhasar valensine diperang dadi loro. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap-tarung Semitransitif

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung semitransitif mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis lan wasesane arupa tembung kriya tanggap-tarung. Fungsi gramatikale ana telu, arupa jejer, wasesa, lan gegane. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung semitransitif iki diperang maneh dadi loro adhedhasar proses afiksasine. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap-tarung Semitransitif Panambang {-an}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung semitransitif mawa panambang {-an} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanggap-tarung kang karaketan panambang {-an} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-Gg. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(27) Aku lan dheweke wis ijolan buku crita.  
(PS37:CS18:10 September 2016)  
'Saya dan dia sudah bertukar buku cerita.'  
Aku lan dheweke    wis ijolan    buku crita

Wu	FAr	FKr	FAr
G	J	W	Gg
K	Par lan pnd	KrTgp-trgStr	Pnd

Dhata (27) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung semitransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W-Gg. Guna J dituduhake lumantar konstituen *aku lan dheweke*. Konstituen *aku lan dheweke* kasebut nduweni wujud FAr. Dene kalungguhane minangka Par lan Pnd, amarga jejer *aku lan dheweke* kasebut kang nindakake lan nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis ijolan*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *ijolan* kang nuduhake tembung kriya semitransitif. Konstituen *wis ijolan* kasebut nduweni kalungguhan KrTgp-trgStr. Diarani tembung kriya baliangga semitransitif amarga tembung kriyane arupa tembung tanggap-tarung lan ukarane kasusun saka telung konstituen inti yaiku J-W-Gg. Guna Gg kaisi dening konstituen *buku crita*. Konstituen *buku crita* kasebut nduweni wujud FAr kanthi kalungguhan minangka Pnd, amarga gegane *buku crita* kasebut kang nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Tembung kriya *ijolan* ing dhata (27) nuduhake proses nuju sasaran akhire/titik terminal potensial (*potential terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir kasebut wis rampung/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*) dituduhane dening tembung *wis*. Tanpa anane tembung *wis* ukara ing dhata (27) ora bisa diarani ngandhut aspek pungtiliar telis, amarga kang nuduhake aspek yaiku tembung *wis* kang nuduhake rampunge pakaryan.

Dhata (27) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung semitransitif panambang {-an}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan panambang {-an}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(27) Wis ijolan → wis + ijolan  
APT + TKrTgp-trg  
({-an} + TLi)  
({-an} + ijol) = ijolan

Konstituen *wis ijolan* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *ijolan* kang arupa TKrTgp-trg. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *ijolan* yaiku saka tembung lingga *ijol* kang karaketan wuwuhan {-an}, mula bisa dadi tembung *ijolan*.

### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap-tarung Semitransitif Dwilingga Panambang {-an}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung semitransitif dwilingga panambang {-an} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya tanggap-tarung kang karaketan tembung dwilingga mawa panambang {-an} lan fungsi gramatikal ukarane ana telung konstituen yaiku J-W-Gg. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(28) Marni lan Rani wis geret-geretan kursi. (PS45:CC23:5 Nopember 2016)

'Marni dan Rani sudah tarik-tarikan kursi.'

	<u>Marni lan Rani</u>	<u>wis geret-geretan</u>	<u>Kursi</u>
Wu	FAr	FKr	TAr
G	J	W	Gg
K	Par lan Pnd	KrBlgStr	Pnd

Dhata (28) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung semitransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W-Gg. Guna

J dituduhake lumantar konstituen *Marni lan Rani*. Konstituen *Marni lan Rani* kasebut nduweni wujud FAR. Dene kalungguhane minangka Par lan Pnd, amarga jejer *Marni lan Rani* kasebut kang nindakake lan nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis geret-geretan*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *geret-geretan* kang nuduhake tembung kriya semitransitif. Konstituen *wis geret-geretan* kasebut nduweni kalungguhan KrTgp-trgStr. Diarani tembung kriya tanggap-tarung semitransitif amarga tembung kriyane arupa tembung tanggap-tarung lan ukarane kasusun saka telung konstituen inti yaiku J-W-Gg. Guna Gg kaisi dening konstituen *kursi*. Konstituen *kursi* kasebut nduweni wujud TAr kanthi kalungguhan minangka Pnd, amarga gegane *kursi* kasebut kang nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Tembung kriya *geret-geretan* ing dhata (28) nuduhake proses nuju sasaran akhir/titik terminal potensial (*potential terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir kasebut wis rampung/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*) dituduhane dening tembung *wis*. Tanpa anane tembung *wis* ukara ing dhata (28) ora bisa diarani ngandhut aspek pungtiliar telis, amarga kang nuduhake aspek yaiku tembung *wis* kang nuduhake rampunge pakaryan.

Dhata (28) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung semitransitif dwilingga panambang {-an}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan tembung dwilingga mawa panambang {-an}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(28) Wis geret-geretan → wis + geret-geretan  
APT + TKrTgp-trg  
({-an} + TDwl)  
({-an} + geret-geret) = geret-geretan

Konstituen *wis geret-geretan* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *geret-geretan* kang arupa TKrTgp-trg. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *geret-geretan* yaiku saka tembung dwilingga *geret-geret* kang karaketan panambang {-an}, mula bisa dadi tembung *geret-geretan*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap-tarung Taktransitif

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung taktransitif mujudake ukara kang mawa aspek pungtiliar telis lan wasesane arupa tembung kriya tanggap-tarung. Fungsi gramatikale ana loro, arupa jejer lan wasesa. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung taktransitif iki diperang maneh dadi loro adhedhasar proses afiksasine. Luwih jangeke diandharake ing ngisor iki.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap-tarung Taktransitif Kriya Lingga

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung taktransitif kriya lingga yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung kriya lingga tanggap-tarung lan fungsi gramatikal ukarane ana rong konstituen yaiku J-W. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(29) Wong-wong wis padu. (PS40:CC21:1 Oktober 2016)

‘Orang-orang sudah bertengkar.’

	<u>Wong-wong</u>	<u>wis padu</u>
Wu	FAr	FKr
G	J	W

K Par lan Pnd KrTgp-trgTtr

Dhata (29) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung taktransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W. Guna J dituduhake lumantar konstituen *wong-wong*. Konstituen *wong-wong* kasebut nduweni wujud FAR. Dene kalungguhane minangka Par lan Pnd, amarga jejer *Wong-wong* nindakake lan nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis padu*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis* kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *padu* kang nuduhake tembung kriya taktransitif. Konstituen *wis padu* kasebut nduweni kalungguhan KrTgp-trgTtr. Diarani tembung kriya tanggap-tarung taktransitif amarga tembung kriyane arupa tembung tanggap-tarung lan ukarane kasusun saka rong konstituen inti yaiku J-W. Tembung kriya ing dhata (29) kagandhengan tembung *wis* kang diarani aspek. Tembung *wis* kasebut nuduhake yen proses nuju sasaran akhir wis rampung (pakaryane wis rampung ditindakake)/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir/titik terminal potensial (*potential terminal points*) dituduhane dening tembung kriya *padu*.

Dhata (29) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung taktransitif kriya lingga, amarga tembung kriya ing ukara kasebut durung owah saka tembung asale (ora karaketan ater-ater, seselan, wuwuhan, lan panambang). Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(29) Wis padu → wis + padu  
APT + TKrTgp-trg  
(TLi)  
(padu) = padu

Konstituen *wis padu* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *padu* kang arupa TKrTgp-trg. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *padu* yaiku saka tembung lingga *padu* kang ora karaketan ater-ater, seselan, wuwuhan, utawa panambang, mula tetep dadi tembung *padu*.

#### Aspek Pungtiliar Telis Dhiatesis Tanggap-tarung Taktransitif Dwilingga Panambang {-an}

Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung taktransitif dwilingga panambang {-an} yaiku aspek pungtiliar telis kang wasesane arupa tembung dwilingga tanggap-tarung karaketan panambang {-an} lan fungsi gramatikal ukarane ana rong konstituen yaiku J-W. Andharan kasebut dituduhake sajrone dhata ing ngisor iki.

(30) Tina lan Sari wis omong-omongan. (PS53:CC23:31 Desember 2016)

‘Tina dan Sari sudah obrol-obrolan.’

	<u>Tina lan Sari</u>	<u>wis omong-omongan</u>
Wu	FAr	FKr
G	J	W
K	Par lan Pnd	KrTgp-trgTtr

Dhata (30) ing ndhuwur nuduhake anane aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung taktransitif, amarga ukara kasebut kawangun saka guna J-W. Guna J dituduhake lumantar konstituen *Tina lan Sari*. Konstituen *Tina lan Sari* kasebut nduweni wujud FAR. Dene kalungguhane minangka Par lan Pnd, amarga jejer *Tina lan Sari* kasebut kang nindakake lan nandhang pakaryan kang sinebut ing wasesane ukara. Guna W diisi konstituen *wis omong-omongan*, nduweni wujud FKr. Konstituen kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *wis*



kang nuduhake anane aspek pungtiliar telis kanggo meruhi yen kedadeyane wis kelakon lan tembung *omong-omongan* kang nuduhake tembung kriya taktransitif. Konstituen *wis omong-omongan* kasebut nduweni kalungguhan KrTgp-trgTtr. Diarani tembung kriya tanggap-tarung taktransitif amarga tembung kriyane arupa tembung tanggap-tarung lan ukarane kasusun saka rong konstituen inti yaiku J-W. Tembung kriya *omong-omongan* ing dhata (30) nuduhake proses nuju sasaran akhir/titik terminal potensial (*potential terminal points*). Dene proses nuju sasaran akhir kasebut wis rampung/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*) dituduhane dening tembung *wis*. Tanpa anane tembung *wis* ukara ing dhata (30) ora bisa diarani ngandhut aspek pungtiliar telis, amarga kang nuduhake aspek yaiku tembung *wis* kang nuduhake rampunge pakaryan.

Dhata (30) ing ndhuwur mujudake aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung taktransitif dwilingga panambang {-an}, amarga tembung kriya ing ukara kasebut karaketan tembung dwilingga mawa panambang {-an}. Bab kasebut katon ing wasesane ukara kang bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

(30) Wis omong-omongan → wis + omong-omongan  
 APT + TKrTgp-trg  
 ({-an} + TDwl)  
 ({-an} + omong-omong) = omong-omongan

Konstituen *wis omong-omongan* kasebut dumadi saka tembung *wis* kang arupa APT lan tembung *omong-omongan* kang arupa TKrTgp-trg. Tembung kriya ing ndhuwur bisa dadi tembung *omong-omongan* yaiku saka tembung dwilingga *omong-omong* kang karaketan panambang {-an}, mula bisa dadi tembung *omong-omongan*.

### Dhiskusi Asile Panliten

Panliten kang wis dijlentrehake ing ndhuwur prelu didhiskusekake. Jlentrehan panliten kang ana ing ndhuwur prelu ditandhingake karo andharane para panliti basa Jawa kang wis diandharake ing bab II. Andharan kasebut ngenani konsepe aspek pungtiliar telis ing basa Jawa kang kaperang dadi papat, yaiku aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk, aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap, aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga, lan aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung. Saliyane iku kaslarasane teori transformasi generatif karo teknik-teknik panliten sing digunakake uga bakal katandhingake.

Adhedhasar jlentrehan asile panliten, konsep ngenani aspek pungtiliar telis kang slaras karo andharane para panliti basa sadurunge, ing antarane yaiku pamerange aspek pungtiliar telis adhedhasar dhiatesise. Pamerange aspek pungtiliar telis kang ana ing bab IV iki dicundhukake karo andharane Wedhawati (2001:118-125), yaiku ngandharake tembung kriya adhedhasar dhiatesise diperang dadi verba aktif, verba pasif, verba antiaktif, verba anti pasif, verba resiprok, lan verba reflektif. Saliyane iku wedhawati uga ngandharake subkelas verba adhedhasar valensi sintaksise, yaiku diperang dadi verba ekatransitif, verba dwitransitif, verba semitransitif, lan verba intransitive (Wedhawati, 2001:115-118).

Miturut pamawase Sumarlam (2004:38), adhedhasar makna aspektualitas *inherem verba* aspek pungtiliar bisa diperang dadi telis lan atelis. Diarani telis iku kudu

nduweni titikan anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*), nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*), lan anane aspek kang matesi tembung kriya. Aspek kang matesi tembung kriya ing basa Jawa ana pitu, yaiku *wis*, *lagi*, *arep*, *isih*, *bakal*, *mentas*, lan *durung*. Ora kabeh aspek bisa dadi tengere aspek pungtiliar telis, nanging mung aspek *wis* kang bisa dadi tengere aspek pungtiliar telis amarga nuduhake karampungan sawijine pakaryan. Dene pamerange adhedhasar proses afiksasine kang ana papat, yaiku ater-ater (*prefiks*), panambang (*sufiks*), seselan (*infiks*), lan wuwuhan (*konfiks*) kasebut dicundhukake karo pamawase Sudaryanto (1991:14). Senajan ora kabeh perangan kasebut bisa dadi perangan aspek pungtiliar telis ing basa Jawa.

### PANUTUP

#### Dudutan

Panliten ngenani aspek pungtiliar telis ing basa Jawa iki ngasilake dudutan yen ukara kang diarani aspek pungtiliar telis yaiku ukara kang ana tembung *wis* kang matesi tembung kriya sajrone ukara. Saliyane iku, ukarane kudu nuduhake anane proses nuju sasaran akhir/nduweni titik terminal potensial (*potential terminal points*) lan nuduhake rampunge proses nuju sasaran akhir kasebut/nduweni titik terminal aktual (*actual terminal points*). Adhedhasar dhiatesise, jinise bisa diperang dadi papat, yaiku (1) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk, (2) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap, (3) aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga, lan (4) aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung. Adhedhasar valensi sintaksise aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk lan aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap bisa diperang dadi papat, ing antarane yaiku (1) ekatransitif, (2) dwitransitif, (3) semitransitif, lan (4) taktransitif. Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga dadi telu, yaiku (1) ekatransitif, (2) semitransitif, lan (3) taktransitif. Dene aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung dadi loro, yaiku (1) semitransitif lan (2) taktransitif.

Adhedhasar proses afiksasine aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk ekatransitif diperang dadi loro, yaiku (1) ater-ater {m-} lan (2) wuwuhan {m/-ake}. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk dwitransitif diperang dadi telu, yaiku (1) wuwuhan {m/-ake}, (2) wuwuhan {n/-ake}, lan (3) wuwuhan {ng/-ake}. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk semitransitif diperang dadi loro, yaiku (1) ater-ater {n-} lan (2) ater-ater {m-}. Dene aspek pungtiliar telis dhiatesis tanduk taktransitif diperang dadi loro, yaiku (1) ater-ater {ny-} lan (2) ater-ater {ng-}. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap ekatransitif diperang dadi loro, yaiku (1) ater-ater {di-} lan (2) wuwuhan {di/-i}. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap dwitransitif diperang dadi loro, yaiku (1) ater-ater {di-} lan (2) wuwuhan {di/-i}. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap semitransitif diperang dadi telu, yaiku (1) ater-ater {di-}, (2) wuwuhan {kok/-i}, lan (3) wuwuhan {di/-i}. Dene aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap taktransitif diperang dadi telu, yaiku (1) wuwuhan {di/-ake}, (2) ater-ater {dak-}, lan (3) wuwuhan {ke/-an}.

Aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga ekatransitif diperang dadi telu, yaiku (1) ater-ater {ny-}, (2) ater-ater {ng-}, lan (3) wuwuhan {ny/-i}. Aspek pungtiliar telis

dhiatesis baliangga semitransitif diperang dadi loro, yaiku (1) panambang {-an} lan (2) wuwuhan {ng/-ake}. Dene aspek pungtiliar telis dhiatesis baliangga taktransitif diperang dadi loro, yaiku (1) kriya lingga lan (2) ater-ater {ng-}. Aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung semitransitif diperang dadi loro, yaiku (1) panambang {-an} lan (2) dwilingga panambang {-an}. Dene aspek pungtiliar telis dhiatesis tanggap-tarung taktransitif diperang dadi loro, yaiku (1) kriya lingga lan (2) dwilingga panambang {-an}.

### Pamrayoga

Panliten iki isih akeh lupute, mula saka iku panliti ngarepake ana panyaru kang asipat mangun, supaya panliten sabanjure bisa luwih apik. Saliyane iku panliti uga menehake pamrayoga kanggo panliten ngenani aspek pungtiliar telis ing basa Jawa, yaiku kapisan, isih akeh panliten ngenani aspek pungtiliar telis ing basa Jawa kang durung diteliti kanthi jero, salah sijine yaiku adhedhasar triaspek sintaksise, mula saka iku para mahasiswa basa Jawa diajab bisa luwih sregep nindakake panliten ngenani aspek pungtiliar telis ing basa Jawa. Kapindho, panliten ngenani aspek pungtiliar telis ing basa Jawa kang wis ana iku mesthine nduweni luput lan kurang, mula diajab ana panliten kang bisa menehi koreksi tumrap asile panliten.

### KAPUSTAKAN

- Adipitoyo, Sugeng. 2002. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa Dialek Surabaya*. Surabaya: Departemen Pendidikan Nasional Republik Indonesia Universitas Negeri Surabaya
- \_\_\_\_\_. 2013. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa*. Surabaya: Citra Wacana
- Alwasilah, Chaedar. 2011. *Beberapa Mazhab dan Dikotomi Teori Linguistik*. Bandung: Angkasa
- Antunsuhono. 1952. *Reringkesaning Paramasastra Djawi*. Jogjakarta: Penerbitan Soejadi
- Arikunto, Suharsimi. 2013. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Comrie, Bernard. 2001. *Aspect*. Amerika: The United States of America
- Hadiwidjana, R.D.S. 1967. *Tata-Sastra*. Jogjakarta: Pertjetakan RI
- Hoed, Benny Hoedoro. 1992. *Kala dalam Novel: Fungsi dan Penerjemahannya*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Kridalaksana, Harimurti. 1985. *Tata Bahasa Deskriptif Bahasa Indonesia: Sintaksis*. Jakarta: P3B
- \_\_\_\_\_. 2009. *Kamus Linguistik, Edisi Empat*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Mahsun. 2012. *Metode Penelitian Bahasa, Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada
- Padmosoekotjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: PT Citra Jaya Murti
- Parera, Jos Daniel. 1991. *Sintaksis*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Poerwadarminta, W.J.S. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Djakarta: Noordhoff Kolff NV
- Pranowo, Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa
- Sasangka, Sri Satriya Tjatur Wisnu. 2011. *Pramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Schafer, Ruth. 2013. *Belajar Bahasa Yunani Koine*. Jakarta: BPK Gunung Mulia
- Subagyo, Rahmad. 2014. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: CV Bintang
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- \_\_\_\_\_. 2015. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Sanata Dharma University Press
- Sumarlam, M.S. 2004. *Aspektualitas Bahasa Jawa: Kajian Morfologi dan Sintaksis*. Surakarta: Pustaka Cakra Surakarta
- Sutopo, HB. 2006. *Metode Penelitian Kualitatif*. Surakarta: UNS Press.
- Tadjuddin. 2005. *Aspektualitas dalam Kajian Linguistik*. Bandung: PT ALUMNI
- Verhaar, J.W.M. 2012. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Wedhawati, dkk. 2001. *Tata Bahasa Jawa Muthakir*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional
- Alim, Condro N dan Nurhayati, Sulasih. 2008. "Fungsi Kala (Tense) dalam Novel Bahasa Inggris serta Penerjemahannya ke dalam Bahasa Indonesia". *Jurnal Laporan Hasil Penelitian Universitas Muhammadiyah Purwokerto* <http://digilib.ump.ac.id/files/disk1/3/jhptump-a-condronura-120-1-peneliti-o.pdf>, diakses tanggal 14 Agustus 2018 tabuh 11:45 WIB
- Arlisa, Mira. 2015. "Tengara Wayah ing Basa Jawa". *Skripsi Program Sarjana Universitas Negeri Surabaya* (ora diterbitake)
- Astri, Nanda Dwi. 2014. "Aspektualitas dalam Bahasa Jawa di Desa Bandar Tengah Kecamatan Bandar Khalipah". *Jurnal Universitas Prima Indonesia Medan* <http://repository.usu.ac.id/bitstream/handle/123456789/51065/Nanda%20Dwi%20Astri.pdf?sequence=1>, diakses tanggal 18 September 2016 tabuh 8:24 WIB
- Surana, S.S., M.Hum., I Dewa Putu Wijana, S. U. M. A., & Poedjosoedarmo, S. 2015. "Variasi Bahasa Dalam Stiker Humor". *Doctoral dissertation Universitas Gadjah Mada (UGM)* [http://etd.repository.ugm.ac.id/index.php?mod=penelitian\\_detail&sub=PenelitianDetail&act=view&typ=html&buku\\_id=87892&obyek\\_id=4](http://etd.repository.ugm.ac.id/index.php?mod=penelitian_detail&sub=PenelitianDetail&act=view&typ=html&buku_id=87892&obyek_id=4), diakses tanggal 12 Oktober 2018 tabuh 11:25 WIB